Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ANA TILI
# HÁM
# OQÍW SAWATLÍLÍĢÍ

2-bólim

Ulıwma orta bilim beriw mektepleriniń
1-klası ushın sabaqlıq

Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw
ministrligi baspaǵa usınıs etedi

Jańa basılımı



TASHKENT – 2021

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

UOK 811.512.121(075.3)
KBK 81.2(5Óz-6Кар)я71
O 60

**Dúziwshiler:**

**SH. ÁBDINAZIMOV, B. QUTLÍMURATOV,
Z. ISMAYLOVA, P. SALIEVA, G. QUTLÍMURATOVA**

**Pikir bildiriwshiler:**

**I. Q. Pirniyazov** – QRXBXQTQAAO oqıw hám ilimiy isler boyınsha direktor orınbasarı. Pedagogika ilimleri kandidatı, docent.

**A. Z. Ótemisov** – QMU qaraqalpaq til bilimi kafedrası docenti.

**G. Turdıqulova** – Nókis qalalıq 47-sanlı qánigelestirilgen ulıwma orta bilim beriw mektebiniń baslawısh klass muǵallimi.

**D. Abdireyimova** – Nókis qalalıq 21-sanlı ulıwma orta bilim beriw mektebiniń baslawısh klass muǵallimi.

Ana tili hám oqıw sawatlılıǵı 2-bólim [TEKST]: 1-klass ushın sabaqlıq / Sh. Ábdinazimov [hám basqalar.]. – Tashkent: Respublika bilimlendiriw orayı, 2021. – 104 b.

ISBN 978-9943-7522-4-5

UOK 811.512.121(075.3)
KBK 81.2(5Óz-6Кар)я71

**SHÁRTLI BELGILER:**

Oqıń hám aytıp beriń – 

Sáwbetlesiń – 

Sorawlarǵa juwap beriń – 

Eslep qalıń – 

Respublikalıq maqsetli kitap qorı qarjıları esabınan basıp shıǵarıldı.

Original maket hám dizayn koncepciyası
Respublikalıq bilimlendiriw orayı tárepinen islendi.

ISBN 978-9943-7522-4-5
© Respublika bilimlendiriw orayı, 2021

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# MAZMUNÍ

## I BÓLIM. KÓRKEM ÓNER HÁM MÁDENIYAT

Ertektegi qaharman... 6–23



Birinshi kitabım... 23–31





Miyman bolıw qanday jaqsı!.. 32–37

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## II BÓLIM. TIL HÁM KEWIL

Qosıq bolatuǵın sózler...
38–48



Naqıl-maqallardıń mánisi...
49–62



## III BÓLIM. ILIM HÁM TEXNOLOGIYALAR

Ay jerden úlken be?.. 63–72



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Siz bunı bilesiz be?... 73–81

# IV BÓLIM. ÓTILGENLERDI TÁKIRARLAW



Ótilgenlerdi eske túsireyik... 82–92

Qosımsha oqıw ushın... 93–102



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# I BÓLIM. KÓRKEM ÓNER HÁM MÁDENIYAT ERTEKTEGI QAHARMAN

Adamnıń minez-qulqın, adamlar arasındaǵı qatnaslardıń turmısta bolǵan waqıya túrinde yamasa qıyalıy súwretlep beriw ertek dep ataladı.



Eski zamanlarda dóretilgen erteklerde qıyalıy nárseler: dáw, peri, áwliye, jin, shaytan, aydarha qusaǵan káramatlı kúshler ushırasadı. Haywanlar menen quslar adamday bolıp sóylesedi. Erteklerdegi qaharmanlar hádden zıyat kúshli, batır bolıp súwretlenedi. Olar awır qıyınshılıqlardı jeńip, murat-maqsetine jetedi. Mısalı, geypara erteklerde adamlar gilemge minip, yaki qanat baylap aspanda ushıp júredi. Bunda erte zamanlardan berli adamlardıń úlken bir ármanı hawada usha alatuǵın zatlardı oylap shıǵıw tilegi bolǵan. Qıyalıy erteklerde, tiykarınan, adamlar menen birge dáwler, periler, áydarhalar, jılanlar, káramatlı quslar, terekler, aynalar, qılıshlar, gilemlerdiń ushıwı, suwdıń, tastıń sóylewi, awqat tayarlaytuǵın dasturqanlar qatnasadı.

***1-tapsırma.*** Berilgen teksten sorawlarǵa juwap beriń.

1. Ertek degenimiz ne?
2. Ertek penen turmıstaǵı waqıyalardıń qanday parqı bar?
3. Qanday erteklerdi bilesiz?







*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



***2-tapsırma.*** Berilgen qıyalıy waqıyalardı turmıs penen salıstırıp aytıp beriń.

Bala gilemge minip ushıp baratır. Ayna bolıp atırǵan waqıyalardı kórsetti.

Jer jarılıp astınan jol shıǵadı. Dasturqan ózi awqatlar menen toladı.

Quslar adamǵa aylanadı. Adam bir silkinip sup-sulıw atqa aylandı.



***3-tapsırma.*** Súwretlerdegi zatlar menen qanday qıyalıy waqıyalar bolıwı múmkin ekenligi haqqında sáwbetlesiń.







## LÁYLEK

**Jaqsılıqqa jaqsılıq.** Bir awılda eki diyqan qońsı turadı eken. Bir kúni diyqanlardıń biri jerin aydap, dem alıwǵa dárya boyında otırǵanı sol, aspannan ayaǵı aqsańlaǵan láylek payda bolıptı. Diyqan láylekti úyine alıp ketipti hám sınǵan ayaǵın emlepti. Bir qansha waqıttan soń láylek usha alatuǵın bolıptı hám ushıp ketipti. Aradan bir neshe kún ótkennen soń láylek jáne payda bolıptı hám páslep ushıptı. Diyqan oǵan qaramay jumısın dawam ete beripti. Sonda láylek diyqanǵa jaqın jerge kelip, úsh dana tuqım taslap ketipti. Diyqan tuqımdı jerge egipti. Ol ǵarbızdıń tuqımı eken, tez ósip rawajlanıp, úlken-úlken ǵarbız salıptı. Bir kúni



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



ǵarbızlar piskende, diyqan úyine miyman shaqırıptı hám awqatlanıp bolǵannan soń ǵarbızdı jemekshi bolıp ákelipti.

Ǵarbızǵa pıshaq ótpepti. Diyqan zorǵa ǵarbızdı kesse, ishi tolı altın eken. Ol altınlardan qonaǵına da beripti. Diyqan bay adamǵa aylanıptı.



***1-tapsırma.*** Berilgen tekstten sorawlarǵa juwap beriń.

1. Láylek diyqannıń úyine qalay kelip qaldı?
2. Diyqan oǵan qanday jádem berdi?
3. Láylek oǵan ne ákelip berdi?
4. Sawǵa diyqannıń turmısına qanday tásir etti?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



***2-tapsırma.*** Súwretlerden paydalanıp, gáp qurań.

 ayaǵı sınadı.  ákelip beredi.

## NE EKSEŃ SONÍ ORASAŃ

Diyqannıń bayıp kerkenin kórgen qońsısı, onnan qalay birden bay bolǵanın soraptı. Ol bolǵan waqıyanı aytıp beripti.

Sol kúnnen baslap ekinshi diyqan atızǵa shıǵıp láylektiń keliwin kútipti. Aqırı bir kúni say boyına bir láylek kelip qonǵan eken, aǵash penen ayaǵına urıp sındırıptı. Keyin onı úyine kóterip ákelip, baǵıptı. Láylektiń ayaǵı jaqsı bolǵan soń ushıp





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ketipti hám erteńine eki dana tuqım taslap ketipti. Ekinshi diyqan onı egip, jaqsılap kútimin beripti. Ǵarbız piskende, hámmeni shaqırıp ǵarbızdı úzip, alıp kelipti. Ǵarbızǵa pıshaq salıp kespekshi bolǵan eken, ol birden ekige bólinipti hám ishinen hárreler shıǵıp, diyqandı shaǵıptı da ushıp ketipti.

***1-tapsırma.*** Tekstti oqıp, sorawlarǵa juwap beriń.

1. Láylek diyqannıń úyine qalay kelip qaldı?
2. Diyqan oǵan qanday jádem berdi?
3. Láylek oǵan ne ákelip berdi?
4. Ǵarbızdıń ishinen ne ushın altın shıqpadı?

***2-tapsırma.*** Súwretlerden paydalanıp, kóp noqattıń ornına sózlerdi jazıp gáp qurań.

 láylektiń ayaǵına aǵash penen uradı. Ol láylekti úyine alıp kelip ǵamxorlıq etedi.  eki dana tuqım ákelip beredi. Onnan  shıǵadı.

Bir dawıslı sestiń ózgeriwi menen sózdiń mánisi de ózgeredi.
Mısalı: Tas – tis – tós – tıs.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## ERTEGIM ERTE BOLDÍ

Ertegim erte boldı,
Qulagim kelte boldı.
Bar eken de joq eken,
Ash eken de toq eken.

Ala ǵarǵa azanshı eken,
Qara ǵarǵa qazanshı eken.
Qara kópek qawınshı eken,
Sarı pıshıq sawınshı eken.

Qara qaplan qarawıl deydi,
Jolbarıslar jasawıl deydi.
Túlkiler kátip bolıptı,
Ishkeni qatıq bolıpti.

Qasqırlar asker bolıptı,
Saǵallar lashker bolıptı.
Qozılar kábap bolıptı,
Patshaǵa awqat bolıptı.

Tulparlar elshi bolıptı,
Sunqarlar tilshi bolıptı.
Hákkeler kúnshil bolıptı,
Qırǵıylar sınshıl bolıptı.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***1-tapsırma.*** Berilgen qus hám haywanlardıń atların oqıń hám ol haqqında bilgenlerińizdi aytıp beriń.

Ala ǵarǵa, qara ǵarǵa, qara kópek, sarı pıshıq, qara qaplan, jolbarıslar,túlkiler, qasqırlar, saǵallar, qozılar, tulparlar, sunqarlar, hákkeler, qırǵıylar.

***2-tapsırma.*** Berilgen sózlerdiń mánisin aytıp beriń.

Azanshı, qazanshı, qawınshı, sawınshı, qarawıl, jasawıl, ásker, láshker, kábap, awqat.

## ERTEKTEGI HAYWANLAR

***1-tapsırma.*** Súwretlerdegi haywanlardıń tiyislisin kóp noqattıń ornına qoyıń hám ne ushın ekenligin aytıp beriń.

Hiyleker (...), shaqqan (...), sum (...), ash (...), aqıllı (...), juwas (...),



***2-tapsırma.*** Tekstti oqıń. Erteklerdiń hárqıylı baslanıwı haqqında aytıp beriń.

Erte-erte ertede, el ómiri keltede, xalıqtı xan biylepti, xalıq zar áylepti.

Áyyemgi zamanlarda sol zamannıń qádiminde, bir bay bar eken. Onıń bir shopanı bolıptı.

Burınǵı ótken waqıtta bes qala soramında bir patsha bolǵan eken.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Bir bar eken, bir joq eken. Ash eken de, toq eken, ala ǵarǵa azanshı, qara ǵarǵa qazanshı eken. Áyyemgi zamanda bir xan bolıptı.

## ARÍSLAN HÁM ESHKI

Bir kúni otlaqlı jasıl jaylawda eshki jayılıp jur edi. Ol qattı baqırǵan dawıstı esitipti. Dawısı shıqqan jerge kelip qarasa, temir torǵa túsip qalǵan arıslandı kóripti.

Arıslan eshkige tordan qutqarıwın soraptı. Eger bosatıp jiberse, eshkige zıyan keltirmeytuǵınlıǵın aytıp jalınıptı. Eshki temir tordan arıslandı qutqarıptı.

Azatlıqqa shıqqan arıslan eshkige boyın atıp, oni jemekshi bolıptı. Eshki arıslanǵa wádesin esletipti, biraq arıslan aytqanın qılmapti. Tap usı gezde olardıń tusınan bir adam ótip baratır eken. Ol toqtap ne ushın jánjellesip atırǵanın soraptı.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Eshki bárin aytıp beripti. Adam tordıń qasına aparıwın soraptı.

– Mine, usı tor – depti eshki tordı kórsetip.

– Meyli, bılay isleyik, – detti adam, – waqıyanı qalay bolǵan bolsa sol turısına qaytalaymız, arıslan torda otıradı, sen qutqarasan. Óz kózim menen kórgennen soń kimdiki durıs ekenligin aytaman.

Arıslan torǵa kiripti hám otırıp úlgermey-aq adam tordıń awzın jawıp úlgeripti. Ol eshkige:

– Qanday ekenin bilmey turıp, hámmege birdey jaqsılıq etiwge bolmaydı. Jırtqısh bárqulla jırtqısh bolıp qaladı, – depti.



***1-tapsırma.*** Tekstti oqıp, sorawlarǵa juwap beriń

1. Arıslan eshkige ne ushın jalındı?
2. Eshki oǵan qanday jádem berdi?
3. Arıslan eshkiniń jaqsılıǵına qanday juwap qaytardı?



***2-tapsırma.*** Berilgen gápti oqıń. Irkilis belgilerine itibar beriń. Muǵallimniń járdeminde olardıń ne ushın qoyılǵanlıǵın túsinip alıń.

Ol eshkige:

– Qanday ekenin bilmey turıp, hámmege birdey jaqsılıq etiwge bolmaydı. Jırtqısh bárqulla jırtqısh bolıp qaladı, – depti.

Qálem, dápter sıyaqlı sózler zatlardıń atın bildiredi hám ne? degen sorawǵa juwap beredi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Burınǵı ótken zamanda quslar hám haywanlar óz ara sawash qurıptı. Jarǵanat sawashqa qosılmaptı. Qarasa quslar tárepi jeńip atırǵanın kóripti hám sol jaqqa barıp qosılıptı. Quslar hayran bolıp ne qılıp júrgenin sorasa:



– Men quspan ǵoy, mine, qanat-quyrıǵım bar, – depti. Quslar onı óz tárepine qabıllaptı. Biraq birazdan soń jeńile baslaptı. Jarǵanat endi haywanlar tárepine qosılıp alıptı.

– Sen ne qılıp júrseń, quslar biziń sırımızdı biliw ushın seni jiberdi me? – depti haywanlar ashıwlanıp.

– Men de haywanman ǵoy, – depti jarǵanat, tislerin kórsetip, – olar sonday ótkir, haywanlardıń tislerindey. Biraq, haywanlar onı quwıp salıptı. Ol quslarǵa qaytıp kelipti, biraq quslar da onı óz qatarına qospaptı. Sonnan berli jarǵanat jalǵız qalıptı. Ol uyalǵanınan heshkimge kórinbew ushın tek túnde ushatuǵın bolǵan eken.



***1-tapsırma.*** Tekstti oqıp, sorawlarǵa juwap beriń

1. Quslar hám haywanlar arasında ne boldı?
2. Jarǵanat ne ushın bul sawashqa qatnaspadı?
3. Jarǵanat ne ushın quspan dedi?
4. Jarǵanattı ne ushın haywanlar quwıp saladı?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

5. Jarǵanattıń jalǵız qalıwına ne sebep boldı dep oylaysız?



***2-tapsırma.*** Berilgen jarǵanattıń sózlerin oqıń. Ne ushın ol bir waqıtta hám qus hám haywan bolıwǵa háreket etkeni haqqında pikir bildiriń. Irkilis belgilerine itibar beriń. Muǵallimniń járdeminde olardıń ne ushın qoyılǵanlıǵın túsinip alıń.

Quslar hayran bolıp ne qılıp júrgenin sorasa:

– Men quspan ǵoy, mine, qanat-quyrıǵım bar, – depti. Quslar onı óz tárepine qabıllaptı.

– Men de haywanman ǵoy, – depti jarǵanat, tislerin kórsetip, – olar sonday ótkir, haywanlardıń tislerindey.

## KÓZ, QULAQ, QOL HÁM AYAQ

Bir kúni kóz, qulaq qol hám ayaq tórtewi jıynalıp, toyǵa atlanıptı. Qulaq qandayda bir tısırlını birinshi bolıp esitipti. Sońı kóz qashıp baratırǵan haywandı abaylaptı. Ayaq sol waqıtta-aq onı quwıp jetip alıptı. Al, qol uslap alıptı hám alıp júriwge qolay etip tórt ayaǵın baylaptı.

Qulaq aytıptı: Bul haywannıń tısırlısın men esittim. Ań meniki, – depti.

Yaq, meniki, haywandı men kórdim, – depti kóz.

Ayaq kelisim bermey:

– Nege sizlerdiki? Durıs, qulaq tısırlını esitti, kóz haywandı kórdi, bıraq izinen quwıp jetip alǵan sizler emes ǵoy. Solay eken, ań biziki boladı, – depti.

Usı jerde básekilesiwge qol aralasıptı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ań qaǵıyda boyınsha maǵan tiyisli. Mensiz heshnárse isley almaǵan bolar edińiz.

Biraq, Ayaq óz sózinde qaytpay turıp aldı!

Yaqshı, haywandı sen usladıń, quwıp jetip alǵan kim? Men.

Básekilesiwdiń sońı tóbelesiwge shekem jetip kelgende, olar awılǵa qaytıwdı hám aqsaqallardan kim haq, kim nahaqlıǵın sorawdı sheshipti.

Awıl aqsaqalı olardıń sózlerin tıńlaptı hám olarǵa ańdı uslawǵa hámme óz úlesin qosqanlıǵın eger hárbiri ózinshe háreket etkeninde ańdı uslay almaǵan bolar edińiz, – depti.

*Afrika xalıq ertegi*





***1-tapsırma.*** Tekstti oqıp, sorawlarǵa juwap beriń

1. Kóz, qulaq qol hám ayaq arasında ne boldı?
2. Ań ushın olar nege tartısıp qaldı?
3. Awıl aqsaqalı olarǵa ne dedi?
4. Siziń pikirińizshe ań qaysı aǵzaǵa tiyisli?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***2-tapsırma.*** Berilgen tekstti oqıń. Awıl aqsaqalınıń ne ushın bulay degeni haqqında pikir bildiriń.

Awıl aqsaqalı olardıń sózlerin tıńlaptı hám olarǵa ańdı uslawǵa hámme óz úlesin qosqanlıǵın, eger hárbiri ózinshe háreket etkeninde ańdı uslay almaǵan bolar edińiz, – depti.

## TASBAQA HÁM JÍLAN

Bunnan kóp zamanlar burın tasbaqa hám jılan dos bolǵan eken. Olar bir úyde jasap, bir qazannan awqatlanadı eken. Haywanlar bul doslıqqa háwes etedi eken.

Kúnlerden bir kúni jılan qattı ash bolıp kelipti hám bir ózi awqat tayarlaptı. Tasbaqa kelemen degenshe awqat pisipti. Ol ózine awqat jetpey ash qalatuǵınday sezipti hám “Men nege bul mazalı awqattı tasbaqa menen bólisiwim kerek, onnansha





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

bir ózim jesem toyaman ǵoy”, – dep oylaptı. Jılan qazanǵa tasbaqa jaqınlay almaytuǵın etip birneshe qabat bolıp oralıp alıptı.

Tasbaqanıń da júdá awqat jegisi kelipti. Onıń ústine eń jaqsı kóretuǵın awqatı eken. Biraq qazanǵa jaqınlay almaptı.

– Ne sebep, meni jaqınlatpay atırsań, – depti tasbaqa, – bizler kúnde birge awqatlanamız ǵoy.

– Men sennen uzınman, – depti jılan, men sennen kúshlirekpen. Demek, awqat ta meniki.

Erteńine tasbaqa sımnan ózine arqan islep alıptı bir ushın quyrıǵına baylap, ekinshi ushı menen qazandı aylandırıp oraptı hám jey baslaptı.

Jılan da awqat jegisi kelipti, biraq qazanǵa jaqınlay almaptı.

– Ne sebep meni qazanǵa jaqınlatpay atırsań, – depti jılan, men de ashpan, awqat jegim keldi.

– Keshe kúsh sen tárepte edi, – dep juwap beripti tasbaqa, – búgin ol men tárepte. Solay etip jılanǵa bir túyir de bermey jep qoyıptı.



***1-tapsırma.*** Tekstti oqıp, sorawlarǵa juwap beriń

1. Tasbaqa hám jılan arasında ne boldı?
2. Jılan ne ushın awqattan tasbaqaǵa bergisi kelmedi?
3. Tasbaqa jılannıń jemewi ushın ne isledi?
4. Sizler bul doslıq haqqında qanday pikirdesiz?



***2-tapsırma.*** Berilgen jılannıń hám tasbaqanıń sózlerin oqıń. Ne ushın bir-birine jamanlıq etiwge háreket etkeni haqqında pikir bildiriń. Irkilis belgi-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

lerine itibar beriń. Muǵallimniń járdeminde olardıń ne ushın qoyılǵanlıǵın túsinip alıń.

– Men sennen uzınman, – depti jılan, men sennen kúshlirekpen. Demek, awqat ta meniki.

– Keshe kúsh sen tárepte edi, – dep juwap beripti tasbaqa, – búgin ol men tárepte.

## MAQTANSHAQ TÍSHQAN

Bir tıshqan bir ura biyday taptı da, onıń bir qaptalınan qazıp, óziniń inine jol shıǵardı. Uranıń iyesiniń qabı joq pa, bolmasa ózi arqayınlaw adam ba, uradan xabar almadı. Tıshqan uranı ózi menshikledi. Óz múlkindey kórip, tawsılmaytuǵın ǵáziynege iye bolǵanday sezdi. Qonaq shaqıradı, basqa tıshqanlardı jıynap, sıylap toyǵızıp turdı. Sıylanǵan tıshqanlar bunıń ádebin tutıp, hár sózine “lábbay” dep turatuǵın boldı. Bir kúni kór qonaq shaqırdı. Hámme jıynalǵannan keyin xızmetkerine biyday keltiriwdi buyıradı. Uradan biwday tappay keldi. Ózi barıp kóredi, uranıń tek ózi bos tur.

– Haw, buǵan ne bolǵan!?

Biyday iyesiniń qabındaǵı ǵállesi tawsılıp, ishkendey biyday alayın dep uranı ashsa, azayıp qalıptı. “Uranı tıshqan alǵan eken” dep birotala alıp basqa orınǵa jaylaǵan edi. Bay tıshqan qonaqlarınıń aldında uyalıp qaldı.

“Háddińdi bilmey saǵan qonaq shaqırıwdı kim qoyıptı” dep kúlip ketipti. Sol kúnnen baslap bay tıshqannıń qasında heshkim qalmadı. Sózin heshkim maqullamaptı. Onnan sońǵı ómiri “átteń” dew



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

menen ótipti. Demek, óziń miynetiń menen erispegen baylıqqa maqtanıw abıray bermeydi eken.



*__1-tapsırma.__ Tekstti oqıp, sorawlarǵa juwap beriń.*

1. Tıshqan qalay bay tıshqanǵa aylandı?
2. Basqa tıshqanlardıń oǵan "lábbay" dewine ne sebep boldı?
3. Ol ne ushın birden doslarına kúlki boldı?
4. Shın doslar bolsa tıshqannıń ústinen kúlgeni durıs pa?
5. Tıshqannıń jalǵız qalıwına ne sebep boldı dep oylaysız?

***2-tapsırma.*** Berilgen tekstti oqıń. Tıshqannıń ózin bay tıshqanday tutqan háreketine pikir bildiriń.

Tıshqan uranı ózi menshikledi. Óz múlkindey kórip, tawsılmaytuǵın ǵáziynege iye bolǵanday sezdi. Qonaq shaqıradı, basqa tıshqanlardı jıynap, sıylap toyǵızıp turdı. Sıylanǵan tıshqanlar buniń ádebin tutıp, hár sózine "lábbay" dep turatuǵın boldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# QOSÍQSHÍ ǴARǴA

Ash túlki ininen shıǵıp qarasa, terektiń shaqasına qonıp otırǵan ǵarǵanı kóripti. Ǵarǵanıń awzında bir bólek góshti kóripti hám onı alıp jegisi kelipti.

– Assalawma aleykum, ǵarǵa, – dep baqırıptı. Búgin kún qanday jaqsı-ya!

– Waleykum, – depti garǵa, biraq awzındaǵı góshti tislep tura beripti.

– Meniń saǵan háwesim keledi, sen sulıwsań, qosıq ayta alasań, hawazıń sonday jaǵımlı, esitsem quwanıp ketemen.

– Ras pa? – dep soraptı ǵarǵa mardıyıp hám ǵaqıldap jibergen eken, gósh jerge túsipti. Góshti qaǵıp alǵan túlki inine kirip ketipti. Ǵarǵa bolsa, túlkiniń maqtaǵanına isenip, awzındaǵı awqatın aldırıp qoyǵanına ókinipti.

*I. V. Krılov*





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



***1-tapsırma.*** Tekstti oqıp, sorawlarǵa juwap beriń.

1. Túlkiniń maqseti ne edi?
2. Ǵarǵa ne ushın awzındaǵı góshti túsirip jiberdi?



***2-tapsırma.*** Berilgen tekstegi túlki menen ǵarǵanıń gáplerin oqıń. Pikir bildiriń. Irkilis belgilerine itibar beriń. Muǵallimniń járdeminde olardıń ne ushın qoyılǵanlıǵın túsinip alıń.

– Assalawma aleykum, ǵarǵa, – dep baqırıptı. Búgin kún qanday jaqsı-ya!

– Waleykum, – depti garǵa, biraq awzındaǵı góshti tislep tura beripti.

– Meniń saǵan háwesim keledi, sen sulıwsań, qosıq ayta alasań, hawazıń sonday jaǵımlı, esitsem quwanıp ketemen.

– Ras pa? – dep soraptı ǵarǵa.

## BIRINSHI KITABÍM

## BILIM MENEN JANSÍN SHAM



Qaraǵım, oqı, bilim al,
Oqımaǵan adam lal.
Gúllán is oqıw, bilimde,
Oqıw – ǵayrat, oqıw – pal.

Oqıw – ǵayrat, oqıw – kúsh,
Oqıwsız miynet – demek push.
Oqıw menen hár nárse,
Ózgerip almaq taza tús.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Bilim – tamaq, bilim – nan,
Bilimsizdiń isi qam.
Úyren óner bilimdi,
Bilim menen jansın sham.

*X. Saparov*



***1-tapsırma.*** Tekstti oqıp, sorawlarǵa juwap beriń

1. Qosıqta shayır bilim alıw haqqında ne aytadı?
2. "Bilimsizdiń isi qam" degen qatarlardan neni túsindińiz?



***2-tapsırma.*** Qosıqtan ne degen sorawǵa juwap beretuǵın sózlerdi tawıp aytıp beriń.

## ÚKEM



Quwanaman úkeme,
Intası zor bilimge,
Kúlip-oynap, shad bolıp,
Íqlası artar ómirge.

Ol mektepke barǵalı,
Tek oqıwdı oylaydı.
Kitap oqıp hár qıylı,
Ósip barar oyları.

*G. Júginisov*



***1-tapsırma.*** *Tekstti oqıp, sorawlarǵa juwap beriń.*

1. Qosıqta shayır nege quwanadı?
2. Kitap oqıp hár qıylı, ósip barar oyları degen qatarlardan neni túsindińiz?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

3. Sizlerdiń shańaraǵıńızda kimler kitap oqıydı?
4. Úkeńizge qanday keńes bergen bolar edińiz?



***2-tapsırma.*** Qosıqtaǵı quwanıw, oynap – kúliw, shad bolıw sózleriniń mánisin aytıp beriń hám qanday da bir waqıya haqqında sáwbetlesiń.

## MEKTEP KITAPXANASÍNDA



Mektebimizdiń ekinshi qabatında úlken kitapxana bar. Onda kitaplar júdá kóp. Men kitapxanashı apadan ertek kitaplar alaman. Ertektegi qaharmanlardıń batırlıǵı maǵan júdá unaydı. Olar dáwden



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

de, jalmawız kempirden de qorqpay adamlardı qutqaradı. Kitaptaǵı súwretlerdi kórip hayran qalaman. Olardı tap qasımızda júrgendey kóz aldıma keltiremen. Men de súwret salǵım keledi. Kitapxanashı apaydan qálegen kitabımdı sorasam, dem de tawıp beredi. Ol maǵan:

– Oqıy ber, tek kitaptı jırtıp, betlerin qayırıp taslamasań boldı, – deydi.

Men de kitaptı jırtpayman. Úkeme de uslatpay, ózim oqıp beremen.



***1-tapsırma.*** Tekstti oqıp, sorawlarǵa juwap beriń.

1. Oqıwshı kitapxanadan qanday kitaplar alıp oqıydı eken?
2. Kitaptı oqıp ol nelerdi kóz aldına keltiredi?
3. Kitapxanashı oǵan ne deydi?
4. Siz qanday kitaplar alıp oqıysız?



***2-tapsırma.*** "Meniń ertektegi qaharmanım" atamasında oqıǵan ertek kitaplarıńız haqqında aytıp beriń.

## KITAP



Aǵası qaladan qızıq ertek kitap satıp ákeldi. Polat, Aygúl hám Zamiyra úshewi kitapqa talastı.

– Men oqıyman! – dedi Zamiyra.

– Berip tursa, kórip bereyin, – dedi Aygúl kitaptıń bir jaǵın uslap tarttı.

– Maǵan ber, birinshi men aldım! – dep Polat ta jarmastı. Úshewi uslaǵan jerinen tartıp, kitap



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

úshke bólindi. Zamiyrada qabı, Aygúlde ortańǵı betleri, Polat ta jırtılǵan betler qaldı.

– Sen jırttıń! – dedi Zamiyra Aygúlge.

– Men emes! – dedi Aygúl. Bulardı kórip turǵan aǵası kitaptı qolına aldı da, onı qaytadan jelimlep alıwdı keńes berdi. Olar birgelikte kitaptı jelimlep, gezek penen oqıp shıqtı.

*J. Óteniyazov*





***1-tapsırma.*** Tekstti oqıp, sorawlarǵa juwap beriń.

1. Olar nege talastı?
2. Kitaptıń jırtılıwına kim sebepshi boldı dep oylaysız?
3. Kitapqa ǵamxorlıq islew degende neni túsinesiz?



***2-tapsırma.*** Tekstten adam atların bildiretuǵın sózlerdi tawıp aytıń beriń. Olardı qatnastırıp gáp dúziń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# KITAPXANA KITABÍNAN QALAY PAYDALANAMÍZ?



Bizler mektep kitapxanasınan ózińizge kerekli bolǵan kitaptı alıp oqıwıńızǵa boladı. Buniń ushın siz kitapxanaǵa aǵza bolıwıńız kerek.

Siz zárúr bolǵan kitabıńızdıń atamasın, avtorın aytıwdı umıtpań.

Kitap taza bolıwı ushın sırtın qaǵaz benen qaplap alıń.

Oqıp bolǵan kitabıńızdı óz waqtında qaytarıp aparıp beriwdi umıtpań.

Qandayda sebep penen kitaptı oqıp bola almasańız, kitapxanashıdan keshirim sorap, qaytarıp beriw múddetin uzaytıp alıń.



***1-tapsırma.*** Tekstti oqıp, sorawlarǵa juwap beriń.

1. Oqıwshı kitapxanadan kitap alıw ushın ne islewi kerek eken?
2. Kitapxana kitabınan paydalanıw qaǵıydaları qanday?
3. Siziń mektebińizdiń kitapxanasında qanday kitaplar bar?



***2-tapsırma.*** Daǵazanı oqıń. Virtual kitapxanadan paydalanıw boyınsha maǵlıwmattı aytıp beriń.

Áziz kitapqumarlar!

Respublikalıq balalar kitapxanası sizlerge qolaylılıq jaratıw maqsetinde kitapxanamızǵa aǵza



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

bolıw tártibi jáne de ápiwayılastırıldı. Bunıń ushın siz Virtual kitapxana dep jazıw arqalı ózińiz haqqında maǵlıwmattı toltırasız. Sizge kitapxanamız tárepinen dizimge alınǵanlıǵıńız haqqında san beriledi. Siz sol san arqalı kitapxanaǵa kelip, ózińiz qálegen kitabıńızdı alıp oqıw imkaniyatına iye bolasız. Kitapxanamızda internet klass bólimi bar. Onda siz bir saat dawamında biypul ózińizge kerekli kitaptı júklep alıwıńızǵa boladı.

*Respublikalıq balalar kitapxanası*

## SABAQLIQTIŃ SÓZI

Jırtıp alıp qabımdı,
Jaqsı emes tonaǵan,
Awırtadı janımdı,
Soǵan qapa bolaman.

Oqıwshıǵa joldaspan,
Demeymen hesh bólekpen,
Hám dostıńman sırlasqan,
Barlıq waqta kerekpen.

Oqı, usla qolıńa,
Jaqtı bergen kúndeymen,
Óner – bilim shıńına,
Barar joldı silteymen.

*X. Saparov*





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***1-tapsırma.*** Tekstti oqıp, sorawlarǵa juwap beriń

1. Kitap oqıwshıǵa ne dep ótinish etpekte?
2. Kitaptıń tozıp, jırtılıwına kim sebepshi dep oylaysız?
3. Óner – bilim shıńına, Barar joldı siltey-men, – degen qatarlardan neni túsindińiz?

***2-tapsırma.*** Teksten háreketti bildiretuǵın sózlerdi tawıp aytıń beriń.

## BEKKEMLEW

## ERTEKLER – JAQSÍLÍQQA JETEKLER

***1-tapsırma.*** Berilgen súwretlerden qaysı ertek qaharmanları ekenligin tabıń.







*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



***2-tapsırma.*** Berilgen úzindini oqıń hám qaysı ertekten alınǵanlıǵın aytıp beriń hám ertektiń mazmunı haqqında sáwbetlesiń.

Arıslan torǵa kiripti hám otırıp úlgermey-aq adam tordıń awzın jawıp úlgeripti. Ol eshkige:

– Qanday ekenin bilmey turıp, hámmege birdey jaqsılıq etiwge bolmaydı. Jırtqısh bárqulla jırtqısh bolıp qaladı – depti.

## KITAP – BILIM BULAĞÍ



***3-tapsırma.*** Berilgen súwretlerden oqıwshılardıń háreketleri haqqında aytıp beriń.









*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# MIYMAN BOLÍW QANDAY JAQSÍ!
# MIYMAN KELEDI



Búgin Ayzadanıń anası erte turdı. Qamır iylep, nan japtı, bawırsaq pisirdi. Muzlatqıshtan tayarlap qoyılǵan ónimlerden hár qıylı salatlar isledi. Úydiń ishinen shıqqan mazalı taǵamlardıń iyisi adamdı ózine tartıp, búgingi kún júdá basqasha ekenin bildirip turar edi. Tań azannan mazalı zatlardı tayarlap atırǵanın kórgen Ayzada da úy aldın sıpırıp, suw septi. Ájapası Aysulıw menen birge miymanxanaǵa dasturqan jayıwǵa járdemlesti. Sulıw etip bezelgen dasturqandı kórgen Ayzada:

– Ájapa, men de miyman bolǵım keldi ǵoy, – dedi.



***1-tapsırma.*** Tekstti oqıp, sorawlarǵa juwap beriń.

1. Ayzadanıń anası ne isledi?
2. Ne ushın bul kún ádettegiden basqasha dep oylaysız?
3. Ayzadanıń ne ushın miyman bolıp kelgisi keldi?



***2-tapsırma.*** Berilgen qosıq qatarların oqıń. Miyman kútiwge baylanıslı shayırdıń ne demekshi bolǵanın óz sóziniz benen aytıp beriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Bizde sóz bar: miyman – ırıs, bereket,
Qonaq kútiw – ziyneti hár adamnıń,
Eger úyge bes kún miyman kelmese,
Shayı qonbas meniń bayǵus adamnıń.

*I. Yusupov*

## JAQSÍ QÍZ



Qonaq bolıp otırmız,
Sıylar kórdik táwir biz,
Birinshi klass Ámina,
Xızmet etti qalıwsız.

Bolsa da ózi kishkentay,
Xızmeti úlken adamday,
Kómeklesip qoyıp júr.
Mine pal, sút, sarı may.

*S. Nurımbetov*



***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Ámiyna qonaqlardı kútiwge qanday járdemlesti?
2. Miyman kelgende qanday dasturqan jayıladı?
3. Ne ushın bul kúndi umıtpaymız?



***2-tapsırma.*** Súwretlerden paydalanıp, dasturqandı qonaq kútiwge tayarlań.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# MIYMANDÍ QANDAY KÚTIP ALAMÍZ?

Keń jayılǵan dasturqandı jayıp bolǵan anam sırtqa qayta-qayta shıǵıp jolǵa qarap júr. Daladan kewilli kúlisken adamlardıń dawısı esitilgende anam júzleri jaynap ketti. Úy toy bolıp atırǵanday shawqımǵa toldı.

Kelgen adamlar eń dáslep kempir apamnıń qolınan alıp, hal-jaǵday sorastı. Kempir apam da olardıń densawlıǵın, úyindegi jaqınların birme-bir sorap atır. Usı payıtta atız bette júrgen atam da ishke kirdi. Qolın juwıp miymanlar menen sálemlesip, sorastı hám pátiya etti. Miymanlardı zalǵa mirát etti. Asxanada ájapam hám jeńgem shay tayarlap ákelip atır. Kim qara shay, kim kók shay ishetuǵınlıǵın anamnıń aytıwı menen bilip alǵan jeńgem tez ákelip, bosaǵan ıdıslardı tazalap qoyıp atır. Mazalı taǵamdı jep bolǵan soń miymanlar ketiwge tayarlanıp, úy aǵzalarına minnetdarshılıq bildirip, tilekler bildirdi.

Tań azannan keshke shekem tınbay júrgenine qaramay úy ishinde heshkim sharshadım demes, miymanlardıń kewilli otırǵanına, jaqsı shıǵarıp salǵanına quwanıshlı edi.



***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Miymanlardı kútip alıw ushın qanday tayarlıq kórildi?
2. Atası menen kempir apasına miymanlar qanday húrmet kórsetti?
3. Úy aǵzaları ne ushın quwanıshlı edi?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



***2-tapsırma.*** Miymanlardı kútip alıwǵa qollanılatuǵın sózlerdi aytıp beriń. Olardı qay waqıtta, qalay aytıw kerek ekenligi haqqında túsindiriń.

## "BIYÁDEP QONAQ" TÍŃ SÚWRETI



Muǵallim oqıwshılarǵa qálegen súwretińizdi salıp keliń, – dep tapsırma berdi. Polat úyge kelgende úyde qonaqlar bar eken. Ol qonaqlarǵa sálem beriw ushın tórgi jayǵa kirdi. Jay tolı miymanlar bolıp, qonaqlardıń biri dasturqannıń basında temeki shegip tútinin burqıratıp otır. Úydiń ishi tútinge tolıp ketken. Polat tórgi jaydan qalay shıqqanın bilmey qaldı. Ol sabaq tayarlaytuǵın stolına otırdı da dápterine temeki shegip otırǵan adamnıń súwretin saldı. Erteńine muǵallim Polattı ornınan turǵızdı da soraw berdi.

– Sen qanday súwret salǵansań?

– "Biyádep qonaq"tıń súwreti.

Muǵallim súwretke kúlimsirep qaradı da, oǵan bes bahasın qoydı.

*J. Óteniyazov*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***1-tapsırma.*** Tekstti oqıń hám sorawlarǵa juwap beriń.

1. Muǵallim qanday tapsırma bergen edi?
2. Ne ushın Polat súwretti “Biyádep qonaqtıń súwreti” dep atadı?
3. Qonaqqa barǵanda ózin qanday tutıw kerek dep oylaysız?

***2-tapsırma.*** Miyman kútiw hám miyman bolıw haqqında sáwbetlesiń.

## MIYMANLAR MENEN SÁWBETLESIW ÁDEBI

***1-tapsırma.*** Úyde ata-analarımızdıń miyman kútkenin yadımızǵa túsirgen halda sorawlarǵa juwap beriń.

1. Miymanlar arasında sóylew ushın ruqsat soraw degende neni túsinesiz?
2. Qay jerlerde gezek penen sóylew kerek dep oylaysız?
3. Jası úlkenler menen sáwbetleskende qanday sózlerdi qollanasız?

***2-tapsırma.*** “Islewge bolmaydı” degen temada sáwbetlesiń. Kesteden paydalanıp qay jerde, nelerdi islewge bolmaytuǵınlıǵı haqqında aytıp beriń.

| Úyde | Kóshede | Mektepte | Miymanda |
|---|---|---|---|
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***3-tapsırma.*** Berilgen súwret tiykarında miymanǵa barıw ádebi temasında 2-3 gáp dúzip jazıw.









*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# II BÓLIM. TIL HÁM KEWIL

## QOSÍQ BOLATUǴÍN SÓZLER

Biz shańaraqta, doslarımız arasında bir-birimiz benen ózlerimiz haqqında, arzıw-ármanlarımız haqqında sáwbetlesemiz. Qanday da bir zat kerek bolsa soraymız. Túsinbegen sorawlarımızǵa juwap izleymiz. Bizdi qorshaǵan ortalıqta bizge tanıs emes bolǵan qubılıslardı bilgimiz keledi. Ekinshi birew menen sóylesiw arqalı onıń kewlinde ne barın bile alamız.

Bunda bizge ana tilimiz járdem beredi. Sózler bizge kewil tórimizdegi quwanıshımızdı bildiriwge járdem beredi. Ana tilimizde jaǵımlı sózler arqalı bir-birimizdiń kewlimizge jol tabamız, dos bolamız.

Shayır qosıǵın oqıǵanda kewilge qanday da bir yosh payda boladı. Ol da ana tilimizdegi bar sózlerden paydalandı. Biraq ol sózlerdi óz ornında sheber paydalanǵanlıǵı sebepli bizge jaqsı tásir etedi.

Sózlerdi óz ornında qollanıw zárúr. Eger olardı orınsız qollansaq, pikirimizdi túsindire almaymız. Eger biz jaqsı sózlerden paydalanbasaq, sáwbetlesimizdi qapa etip qoyıwımız múmkin.



***1-tapsırma.*** Tekstti oqıń hám sorawlarǵa juwap beriń.

1. Sózlerdi ne ushın qollanamız?
2. Jaǵımlı sózler degende neni túsinemiz?
3. Sáwbetlesimiz qapa bolmawı ushın ne islewimiz kerek?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***2-tapsırma.*** Súwretlerge qarap bul jerde qanday sózlerdi paydalanıwǵa bolatuǵınlıǵın aytıp beriń.










## QOSÍQ PENEN NAMA

Qosıq penen nama – egiz duwtardıń qos tarınday bir-birinen ajıratıp qarawǵa bolmaytuǵın bir pútin nárse. Nama qosıqtı xalıqtıń júrek tórine jetkizedi. Tıńlawshınıń jan dúnyasın eritip, tilsimli sıyqırı menen házlik hám yosh, jiger payda etedi. Sózdi júregińe uyalatadı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Qosıq ańsatlıq penen dóremeydi. Shayır qosıq arqalı xalıqtıń júregindedi arzıw-ármanın, quwanıshı hám táshwishin jırlaydı.

Qaraqalpaqlar ázelden-aq qosıq penen jaqsı namaǵa janı qumar, qosıqqa bay ellerdiń biri. Sonlıqtan da, Shoxan Wáliyxanov "Qaraqalpaqlar sahradaǵı birinshi shayırlar hám qosıqshılar" dep bahalaydı. Xalıq qosıqları – xalıqtıń ruwxıy baylıǵınıń tawsılmas mol ǵáziynesi. Qosıq aytıw arqalı ruwxıy lázzet alıp, kewildi xoshlawdı ómir qızıǵı dep bilgen xalqımızdıń bay ádebiy miyrası bar.

Qosıqta qatarlardıń hám sózlerdiń uyqası úlken áhmiyetke iye.



***1-tapsırma.*** Tekstti oqıp, sorawlarǵa juwap beriń

1. Qosıq bizge ne ushın zárúr dep oylaysız?
2. Qosıqta neler sóz etiliwi mámkin?
3. Siz qanday namalı qosıqlardı bilesiz?



***2-tapsırma.*** Berilgen gápti buwınlarǵa bólip oqıń.

Nama qosıqtı xalıqtıń júrek tórine jetkizedi. Tıńlawshınıń jan dúnyasın eritip, tilsimli sıyqırı menen házlik hám yosh, jiger payda etedi. Sózdi júregińe uyalatadı.



Aysánem, Murat sıyaqlı sózler adam atların bildiredi. Olarǵa kim? degen soraw qoyıladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# HÁYYIW – QOSÍQTÍŃ ANASÍ



Qosıqlardıń anası,
Qosıqlardıń darǵası,
Qosıqlardıń aǵlası,
Háyyiw bolar ırası.

Háyyiwinde ananıń,
Áwladlardıń mehri bar.
Háyyiwinde ananıń,
Danıshpanlıq sıyqır bar.

Háyyiwinde ananıń,
Jaqsı – jaqsı niyet bar.
Háyyiwinde ananıń,
Arzıw, úmit, tilek bar.

***1-tapsırma.*** Tekstti oqıp, sorawlarǵa juwap beriń

1. Qosıqta háyyiw haqqında ne aytıladı?
2. “Háyyiwinde ananıń,
   Danıshpanlıq sıyqır bar” – degende neni aytpaqshı bolǵan?

***2-tapsırma.*** Berilgen gáptegi uyqasıp kelgen qatarlardı aytıń hám neshe buwınnan turatuǵınlıǵın sanań. *Úlgi: Qo-sıq-lar-dıń.*

Qosıqlardıń anası,
Qosıqlardıń darǵası,
Qosıqlardıń aǵlası,
Háyyiw bolar ırası.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## ALǴÍS ALǴÍM KELEDI

Ádep sálemnen baslanar,
Bilim aldım, bilip aldım.
Úlkenlerdiń násiyatın,
Qulaǵıma quyıp aldım.

Sálem bersem, atam, apam,
– Saw bol, balam, raxmet, dedi.
Mehir menen sálemlesip,
Alǵıs alǵım keledı.

***1-tapsırma.*** Tekstti oqıp, sorawlarǵa juwap beriń.

1. Ádep ne ushın sálem beriw menen baslanadı?
2. Alǵıs alıw degende neni túsinesiz?
3. Jaqsı sóylew ushın qanday sózlerdi paydalanıwǵa boladı?

***2-tapsırma.*** Kóz aldıńızǵa keltiriń. Siz azıq-awqat dúkanı aldındasız. Bul dúkanǵa kirgen waqtıńızdan baslap, úyge qaytıp kelemen degenshe qanday sózlerden paydalanıwǵa boladı?







*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# SÍYQÍRLÍ SÓZLER

**Assalawma álewkum. Raxmet.**
**Jaqsı keldińiz be? Jaqsı barıń.**



Bul sózlerdi aytqanda hárbir adam sizge jaqsı qatnasta boladı. Biz shańaraqta, mektepte, doslarımız arasında qanday sózler aytamız? Eger jaqsı sózler aytsaq, ózimizdiń de kewlimiz sonshelli kóteriledi. Sáwbetlesimizdiń de keypiyatın kóteremiz.

Tań azannan uyqıdan turǵanda shańaraq aǵzalarımızdı kórip quwanamız. Mektepke jetkenshe jolda tanıslarımızdı kóremiz. Mektepte klasımızdıń esigin ashıwdan-aq sáwbetti baslaymız. Klasımız oqıwshılarınıń, partalasımızdıń sózlerin tıńlaymız. Mektepten qaytıp, oynawǵa shıqqan doslarımızdı, qońsı jası úlken-kishilerdi kóremiz. Kúnde olardıń hárbiri menen sóylesip sharshamaymız. Nelerdi sóylesemiz dep oylamaymız, sózlerimiz de tawsılmaydı.



***1-tapsırma.*** Tekstti oqıp, sorawlarǵa juwap beriń.

1. Siz hár kúni kimler menen kórisip, ne haqqında sóylesesiz?
2. Ne ushın jaqsı sóz esitsek, kewlimiz kóteriledi?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



***2-tapsırma.*** Berilgen sózlerdi oqıń hám olardı kimge aytıw kerekligin tabıń.

Assalawma álewkum, jaqsı jatıp turdıńız ba? Jaqsı uyqıladıńız ba? Jaǵımlı ishtey tileymen! Awqatıńız mazalı bolıptı. Maǵan júdá unadı. Búgin kúndegiden de kewillisiz.



***3-tapsırma.*** Mektepte doslarıńız arasında qanday sózlerdi qollanıw kerekligi haqqında sáwbetlesiń.

## BERDAQTÍŃ DUWTARÍ



Haslıń seniń aǵashtandur,
Sóyle duwtar, sóyle duwtar!
Hawazıń tolı ármandur,
Dártiń bayan áyle duwtar.

Ullı shayır iyeń bolǵan,
Qulaǵıńa búlbúl qonǵan,
Ullı toylardı atqarǵan,
Dańqıń elge belli duwtar.

Góne zamannıń guwası,
Sharxanańda saz aǵlası,
Berdaq babanıń muńlası,
Dártiń bayan áyle, duwtar.

Gúmbirlegen sazǵa baysań,
Dártlerimdi qozǵaǵaysań,
Gúńirenip nege jılaysań,
Tiliń bolsa sóyle duwtar.

*I. Yusupov*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***1-tapsırma.*** Tekstti oqıp, sorawlarǵa juwap beriń.

1. Qosıqta duwtar haqqında ne aytıladı?
2. Berdaq babamız hám onıń duwtarı haqqında neni aytpaqshı bolǵan?

***2-tapsırma.*** Berilgen gáptegi uyqasıp kelgen qatarlardı aytıń hám neshe buwınnan turatuǵınlıǵın sanań.

Ullı shayır iyeń bolǵan,
Qulaǵıńa búlbil qonǵan,
Ullı toylardı atqarǵan,
Dańqıń elge belli duwtar.



## QARAQALPAQ SAZ ÁSBAPLARÍ

Qaraqalpaq xalqınıń arasında saz-muzikalar keń taralǵan bolsa da, tiykarǵi saz ásbapları aytarlıqtay kóp emes.

**Qobız** qaraqalpaq xalqınıń arasında shıǵısı jaǵınan burınnan kiyatırǵan muzıkalıq ásbabı bolıp, jırawlar dástanlardı qobız járdeminde atqarǵan. Jup tar taǵılǵan qobız tartqıshtıń járdemi menen shertiledi. Kóbinese tut, erik aǵashlarınan islenedi.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Duwtar** – qaraqalpaq xalqınıń milliy muzıkalıq ásbabı. Duwtar sózi parsı tilinen alınǵan bolıp, **duw**-eki, **tar**-tar, yaǵnıy eki tarlı ásbap degen mánini ańlatadı.

**Girjek** qaraqalpaqlar arasında tek te baqsılarǵa qosılıp qollanılǵan, jeke ózi paydalanılmaǵan. Qaraqalpaq girjegine úsh tar taǵıladı. Tut aǵashınan oyılıp islenedi hám qaqpaǵı ılaqa balıqtıń bas terisi menen qaplanadı.

Shınqobız hayal-qızlardıń oǵada súyikli saz ásbabı bolıp, barmaqtıń járdemi hám úplew arqalı shertiletuǵın ásbaplardıń biri.



***1-tapsırma.*** Tekstti oqıp, sorawlarǵa juwap beriń.

1. Qaraqalpaqtıń milliy saz ásbaplarınıń qanday túrleri berilgen?
2. Olardan qaysıların jaqsı bilesiz?

***2-tapsırma.*** Berilgen gápti buwınlarǵa bólip oqıń. Neshe buwınnan turatuǵınlıǵın sanań.

Duwtar qaraqalpaq xalqınıń milliy muzıkalıq ásbabı. Duwtar sózi parsı tilinen alınǵanbolıp, **duw**-eki, **tar**-tar, yaǵnıy eki tarlı ásbap degen mánini ańlatadı.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# JAQSÍ ÁDET

Jaqsı sóylep hár qashan,
Jaqsılıqtı ádet et.
Ísırap qılma zayalap,
Sózdi qollan qádirlep,

“Yaqshı”, “maqul”, “boladı”,
“Durıs”, “ájep”, de “qullıq”,
Tıńlap kewliń toladı,
Kórgen yańlı jaqsılıq.

Jaǵımtallı minez-qulıq,
Hámmege de jaǵadı,
Jaqsı ádet, jaqsılıq,
Doslıqqa jol saladı.






***1-tapsırma.*** Qosıqtı oqıp, sorawlarǵa juwap beriń.

1. Qosıqta jaqsı ádetler haqqında ne aytılǵan?
2. Qosıqta “Jaǵımtallı minez-qulq hámmege de jaǵadı” degende neni aytpaqshı bolǵan?



***2-tapsırma.*** Jaqsı hám jaman ádetlerdi aytıń.

| *Jaqsı ádetler* | Jaman ádetler |
|---|---|
| | |
| | |
| | |
| | |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# JÍLLÍ SÓZ



Qolım kókke jetedi,
Boyıma kúsh pitedi,
Tawdı tilip ótemen,
Aytqan jıllı sóz benen.

Qıyınlıqqa tozemen,
Órge talmay júzemen,
Ózimdi jeńil sezemen,
Aytqan jıllı soz benen.

Jumsa iske hárqanday,
Emes qolım talǵanday.
Atqaraman palwanday,
Aytqan jıllı soz benen

Sonshama kop dostım bar,
Kóriwge meni asıǵar.
Kewlimde gúl ashılar,
Aytqan jıllı soz benen.



***1-tapsırma.*** Qosıqtı oqıp, sorawlarǵa juwap beriń.

1. Jıllı sóz aytıw haqqında ne aytılgan?
2. “Jaǵımtallı minez-qulq” degende neni túsinesiz?



***2-tapsırma.*** Berilgen sózlerdi buwınlarǵa bólip oqıń hám qaysı sózler bir-birine usap ketetuǵınlıǵın aytıp beriń. *Úlgi: Qı-yın-lıq-qa.*

Qıyınlıqqa tózemen,
Órge talmay júzemen,
Ózimdi jeńil sezemen,
Aytqan jıllı sóz benen.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Oylanıp – bilip babalar,
Sózdi dúrge teńgergen,
Oylanıp aytqan hár sóziń,
Oylama kem dep gáwhardan.

## NAQÍL-MAQALLARDÍŃ MÁNISI. NAQÍL-MAQALLAR

Turmısta ushırasatuǵın túrli hádiyselerge baylanıslı tuwrılap, naqma-naq juplastırıp aytılǵan mánili sózler naqıl dep ataladı. Tilimizde qollanılıp júrgen naqıl-maqallar uzaq dáwirlerden berli xalıq awzında saqlanıp kelip, atadan balaǵa, awızdan-awızǵa ótip kelgen.

Naqıl-maqallardan paydalanıwımızdıń sebebi, olarda turmıs tájiriybesi boladı. Sonlıqtan, sóylewshi adam óz pikirine say keletuǵın naqıl-maqaldı saylap alıp, sóylew barısında qálegen orında qollana beredi. Bul haqqında da "Sóz júyesin tapsa, mal iyesin tabadı" – dep aytqan.

Naqıl-maqallar yadlap alıwǵa qolaylı, kútá qısqa, juplastırıp aytıladı.

Naqıl-maqallar turmıstıń hárbir tarawına baylanıslı dórelgen. Mazmunına qaray watandı qorǵaw, miynet etiw, birlik, doslıq, ádillik hám haqıyqatlıq tuwralı, diyqanshılıq, sharwashılıq, balıqshılıq hám sawdaǵa baylanıslı, tazalıq, densawlıqqa baylanıslı, tábiyat qubılısları, jıl máwsimlerine baylanıslı hám taǵı basqa da túrlerge bólinedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



***1-tapsırma.*** Tekstti oqıp, sorawlarǵa juwap beriń.
1. Naqıl-maqallar qanday payda boladı eken?
2. Olardı ne ushın paydalanamız?



***2-tapsırma.*** Berilgen naqıldı buwınlarǵa bólip oqıń hám mánisin aytıp beriń.

1. Atalar sózi-aqıldıń kózi.
2. Ananıń kewli balada,
   Balanıń kewli dalada.

## "MEN NAQÍL BILMEYMEN" DEP EDI

Bir elde adamlar júdá kóp eken. Bir kúni olardıń jasap atırǵan jerin suw basıptı. Adamlar kóp, qayıqlar az eken. Hámme de qayıqqa minip, aman-esen qutılǵısı kelip, qayıqqa mineyin dep háreket etipti. Adamlardan biri "Kimde-kim naqıl-maqal bilmese dáryaǵa ılaqtıramız" – depti. Sonda bir adam óziniń naqıl-maqal bilmeytuǵınlıǵın aytıp qasha baslaptı. Barlıq adamlar onı quwıp ketipti hám birazdan soń uslap alıp kelipti. Onı endi dáryaǵa taslayın dep atırsa, ol kúlip "Kópten qoyan qutılmas", – degen ras eken ǵoy, – depti.
Sonda adamlar bul naqıl-maqal biledi eken ǵoy, – dep dáryaǵa taslamay ózleri menen birge alıp ketipti.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



***1-tapsırma.*** Qosıqtı oqıp, sorawlarǵa juwap beriń.

1. Ne ushın hámme qayıqqa miniwge asıqtı?
2. Ol adam nege qashtı?
3. Ol qanday naqıl ayttı?
4. “Kópten qoyan qutılmas” degende neni túsinesiz?



***2-tapsırma.*** Berilgen naqıllardı buwınlarǵa bólip oqıń hám mánisin aytıp beriń.

1. Kóplegen qonaq atqaradı.
2. Altaw ala bolsa, awzındaǵı aldıradı.
   Tórtew túwel bolsa, tóbedegi túsiredi.

## AQÍL-NÁSIYAT NAQÍL-MAQALLARÍ



***1-tapsırma.*** Berilgen naqıl-maqallardı oqıń hám mánisin aytıp beriń.

Suw menen oynama, batarsań,
Ot penen oynama, ósherseń.

Ótirikshiniń ras sózi zayaǵa ketedi.

Jalqawǵa is buyırsań,
Ózińe aqıl úyretedi.

Búgingi isti erteńge qoyma.

Altın alma, alǵıs al.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



***2-tapsırma.*** Berilgen naqıldıń mazmunınan paydalanıp, "Jaqsı degen ne?" temasında sáwbetlesiń.

Jaman bala ózinen kishkeneni urıp jılatadı.
Jaqsı bala jılaǵan balanı jubatadı.

## ATA-ANA, TUWÍSQANLAR HAQQÍNDAǴÍ NAQÍL-MAQALLAR



***1-tapsırma.*** Berilgen naqıl-maqallardı oqıń hám mánisin aytıp beriń.



Ana menen bala,
Gúl menen lala.

Atańa ne qılsań,
Aldıńa sol keledi.

Aǵası bardıń ırısı bar,
Inisi bardıń tınısı bar.

Altın-gúmistiń gónesi bolmas,
Ata-ananıń bahası bolmas.

Jaqsı perzent – súyinish,
Jaman perzent – kúyinish.



***2-tapsırma.*** Berilgen naqıl-maqallardan shańaraq aǵzaların bildiretuǵın sózlerdi tawıp aytıp beriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ÓNER ÚYRENIW HÁM BILIM ALÍW HAQQÍNDAǴÍ NAQÍL-MAQALLAR

***1-tapsırma.*** Berilgen naqıl-maqallardı oqıń hám mánisin aytıp beriń.




Aqıl jasta emes, basta.

Oqısań ozarsań,
Oqımasań tozarsań.

Ilim iyne menen qudıq qazǵanday,

Óziń bilseń ózgege úyret,
Bilmegenińdi úyren.

Bilimniń kópligi joq,
Ónerdiń artıqlıǵı joq.

Aǵash kesseń, uzın kes,
Temir kesseń, qısqa kes.

***2-tapsırma.*** Berilgen naqıldıń mazmunınan paydalanıp, “Bilimli el perzenti” temasında sáwbetlesiń.

Bilimli mıńdı jıǵadı,
Bilekli birdi jıǵadı.

Sózler tuwra mánisinde de, awıspalı mánide de keledi. Mısalı: Altın júzik. Altın gúz.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# TIL, SÓZ ÓNERI HAQQÍNDAǴÍ NAQÍL-MAQALLAR

***1-tapsırma.*** Berilgen naqıl-maqallardı oqıń hám mánisin aytıp beriń.

Atalar sózi – aqıldıń kózi.



Aytıwshı aqıl bolsa,
Tıńlawshı dana.

Az sóz altın,
Kóp sóz kómir.

Sóz anası qulaq.
Suw saǵası bulaq.

Sózdiń kórki – maqal.
Aqıldan artıq baylıq joq.

Awız – dárwaza,
Sóz – shamal.

***2-tapsırma.*** Berilgen sózlerdiń mánisin túsindiriń.

Aqıl, dana, altın, kómir, qulaq, bulaq, dárwaza, shamal.

Xabar mánisin bildirip kelgen gáp tamam bolǵanda noqat (.) belgisi qoyıladı. Qanday da bir nárseni soraw mánisinde kelgen gáplerdiń sońına soraw (?) belgisi qoyıladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# MIYNET HAQQÍNDAǴÍ NAQÍL-MAQALLAR



***1-tapsırma.*** Berilgen naqıl-maqallardı oqıń hám mánisin aytıp beriń.

Miynettiń kózin tapqan,
Baxıttıń ózin tabadı.

Jalqaw óz úyine ózi qonaq.

Miynet penen ráhát,
Ekewi de barabar.

Adamnıń qolı – gúl,
Mańlaydıń teri – nur.

Miyneti azdıń miywası az.
Hárekette – bereket bar.

Kóp jegiń kelse,
Kóp islewge de erinbe.

Miynet penen er kógerer,
Jamǵır menen jer kógerer.

Kóz qorqaq, qol batır.
Talaplıǵa nur jawar.





***2-tapsırma.*** Berilgen naqıl-maqaldı oqıń hám ne ushın uyqı hám kúlki erinshektiń dosları ekenligi haqqında sáwbetlesiń.

Erinshektiń eki dostı bar,
Biri uyqı, biri kúlki.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# DIYQANSHÍLÍQ KÁSIBI HAQQÍNDAǴÍ NAQÍL-MAQALLAR

***1-tapsırma.*** Berilgen naqıl-maqallardı oqıń hám mánisin aytıp beriń.

Arpa, biyday as eken,
Altın, gúmis tas eken.

Jer aydasań gúz ayda,
Gúz aydamasań júz ayda.

Berseń alarsań,
Ekseń orarsań.

Qapta qalǵansha,
Tapta qalsın.

Ne ekseń, sonı orarsań.
Ósken terektiń tamırın shappa.

Qashıp ketseń de shashıp ket.

Qurǵaq aǵash janar-sóner,
Jas aǵashtan hasıl óner.

Tógin tókpey egin pitpes,
Úyrenbeseń bilim pitpes.

As arqaw, kiyim kórik.

Tógin – jer ırısı,
Egin – el ırısı.



***2-tapsırma.*** Berilgen naqıl-maqallardan paydalanıp, “Diyqan babam” temasında kishi tekst dúziń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# SHARWASHILIQ KÁSIBI HAQQÍNDAǴÍ NAQÍL-MAQALLAR

***1-tapsırma.*** Berilgen naqıl-maqallardı oqıń hám mánisin aytıp beriń.

Adamdı isinen bileseń,
Maldı tisinen bileseń.

Jaylawı otlı bolsa,
Malı sútli boladı.

Qolda ósken attıń,
Tay atı qalmaydı.

Shóllexseń shopan qasına,
Ash bolsań diyqan qasına bar.



Esaplamaǵanǵa bári túwel.

Ası joq dep erden túńilme,
Otı joq dep jerden túńilme.

Júzden júyrik shıǵadı,
Mıńnan tulpar shıǵadı.

El kórki tal,
Jaylaw kórki mal.

Oynaqlaǵan buzaw ot basar.

***2-tapsırma.*** Berilgen naqıl-maqallardan paydalanıp, “Mal fermasında” temasında kishi tekst dúziń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# WATANDÍ SÚYIW, AWÍZBIRSHILIK, DOSLÍQ HAQQÍNDAĞÍ NAQÍL-MAQALLAR

***1-tapsırma.*** Berilgen naqıl-maqallardı oqıń hám mánisin aytıp beriń.



Qus qanatı menen,
Adam elatı menen.

Xalıq sózi – teńiz tolqını.

Talaplı elge nur jawar,

Watan kúnnen sulıw,
Altınnan qımbat.

Keńesli el azbaydı,
Keń kiyim tozbaydı.

Birlik bar jerde,
Tirilik bar.

Duzıń bolmasa da, dostıń bolsın.
Otawıń bolmasa da, qonısıń bolsın.

***2-tapsırma.*** Berilgen naqıl-maqallardan paydalanıp, "Watanım-anam" temasında kishi tekst dúziń.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# JÍL MÁWSIMLERI HÁM TÁBIYAT KÓRINISLERI HAQQÍNDAǴÍ NAQÍL-MAQALLAR



***1-tapsırma.*** Berilgen naqıl-maqallardı oqıń hám mánisin aytıp beriń.



Qarlıǵash – báhár nıshanı.

Ópepek keldi – jaz boldı.

Úsh ay sawınım,
Úsh ay qawınım,
Úsh ay shabaǵım.
Úsh ay qabaǵım.

Jıldıń kelisi nawrızda belli.

Ǵaz kelgeni, jaz kelgeni.

Suwıqtıń qamshısı – jel.
Báhár – qıstıń azıǵı.

Tawlı jer bulaqsız bolmas,



***2-tapsırma.*** Berilgen sózlerdiń mánisin túsindiriń. Jıldıń qaysı máwsimlerine sáykes keletuǵınlıǵı haqqında sáwbetlesiń.

Qarlıǵash, ǵaz, ópepek, nawrız,









*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# BILIM HÁM MÁRTLIK HAQQÍNDAǴÍ NAQÍL-MAQALLAR



***1-tapsırma.*** Berilgen naqıl-maqallardı oqıń hám mánisin aytıp beriń.

Altın jerde qalsa da,
Bilim jerde qalmaydı.

Bilim – kúshte, kúsh – bilimde.

Tawdı biyik deme,
Talap etseń shıǵasań.

Ósken óner – dosqa úlgi.

Márt maydanda biliner,
Námárt maydanda búliner.




Aqıl kópten shıǵadı,
Dári shópten shıǵadı.

Qúdiretli kúsh kópte,
Hasıl dári shópte.

Jaqsı sóz janǵa dawa.

Tayarlıqsız tabıs joq,
Shınıqqan jeter jeńiske.

Ilimge súyengen utadı.
Palwan gúreste túleydi.



***2-tapsırma.*** Berilgen naqıl-maqaldıń mánisin túsindiriń hám "Bilimsiz keleshek joq" temasında kishi tekst dúziń.

Bilimsiz bir jasar,
Bilimli mıń jasar.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# SAWDA-SATÍQQA BAYLANÍSLÍ NAQÍL-MAQALLAR



***1-tapsırma.*** Berilgen naqıl-maqallardı oqıń hám mánisin aytıp beriń.



Arzan satqan tez satar.
Pulı arzannıń sorpası tatımas.



Bardıń bazarı janında,
Joqtıń bazarı yadında.



Úydegi esaptı,
Bazardaǵı nırq buzadı.

Gilem satsań, qońsıńa sat,
Bir shetinde óziń de otırasań.



Sawdada doslıq joq.

Tawıp alsań da, sanap al.

Sana, sanamay segiz deme,
Sına, sınamay dos bolma.



***1-tapsırma.*** Berilgen naqıl-maqaldıń mánisin túsindiriń hám san mánisin bildiretuǵın sózlerdi tabıń.

Alarmanǵa altaw az,
Berermenge besew kóp.



Buyrıq yaki quwanıw sıyaqlı mánini bildiretuǵın gáplerdiń aqırına úndew (!) belgisi qoyıladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## BEKKEMLEW

## TIL HÁM KEWIL



***1-tapsırma.*** Berilgen qosıqtı oqıń hám mazmunın aytıp beriń. Sıylasıq haqqıńda sáwbetlesiń.

### SIYLASIQ



Bir saparı kóshede,
Júdá ántek is etippen.
Jası úlkendi kórsem de,
Sálem bermey ótippen.

Jıynastırıp úydiń aldın,
Anam sırtta júr eken.
Biraq meniń qılwamdı,
Ańǵarıp ol tur eken.

– Jası úlkendi kórgende,
Dedi, anam sálem ber,
Baslanadı sıylasıq,
Sonday sátli qádemnen.

Basım edi balalıq,
Bul sóz wásiyat boldı.
Sonnan berli anamnıń,
Sózi qálem – xat boldı.



***2-tapsırma.*** Berilgen naqıl maqallardan paydalanıp, “Densawlıq – tereń baylıq” degen temada kishi tekst dúziń.

Densawlıqtıń qádirin bil,
Qáste bolmastan burın.
Qúdiretli kúsh kópte,
Hasıl dári shópte.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# III BÓLIM. ILIM HÁM TEXNOLOGIYALAR

## AY JERDEN ÚLKEN BE?

Biziń jasap turǵan Jer planetasınıń tábiyıy joldası bolǵan Ay Jerdiń átirapında aylanıp júredi. Ay Jer sharın jigirma jeti kún segiz saatta bir márte aylanıp shıǵadı. Ay Quyashqa qaraǵanda bizge úsh júz toqsan ese jaqın. Ay da Jer sıyaqlı shar kórinisinde boladı. Aydıń beti Jer betine uqsamaydı. Ayda ósimlikler de, haywanlar da joq. Aydıń kópshilik bólegin tawlar iyelegen. Ayda suw bolmasa da tawdıń eteklerin teńiz dep ataydı. Onıń betinde jansız tábiyat húkim súredi. Sebebi Ayda tirishilik ushın kerek bolǵan hawa da, suw da joq.

***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Ay haqqında nelerdi bilip aldıq?
2. Jer haqqında qanday bilimler aytılǵan?

***2-tapsırma.*** Berilgen tekstten sandı bildiretuǵın sózlerdi aytıp beriń.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# QAYDA AYDÍŃ JARTÍSÍ?

Ótkirbay hám Ótebay,
Barıp turǵan ójet-ay!
Túnde shıǵıp dalaǵa,
Ójetlesse bola ma!

Ótkirbay ayttı: – Ay nege,
Pútin emes, ayt qáne?
Qaraqshılar ońbaǵan,
Jartısın onıń urlaǵan.




Dápindi ol: – Hásseniy!
Taptıń aldar balanı!
Aspandaǵı nárseni,
Kimler urlay aladı!?

Dálilleydi atam da,
Isenbeseń sorashı;
Ayttı bar dep aspanda,
Bir emes, "Jeti qaraqshı"

*Ya. Ajimov*

***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Balalar ne ushın tartısıp qaldı?
2. Ótebay ne ushın aspanda jeti qaraqshı bar dep oyladı?

***2-tapsırma.*** Aydıń ne ushın jartı bolıp kórinetuǵılıǵı haqqında sáwbetlesiń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# AY NE USHÍN KÓRINISIN ÓZGERTEDI?



Biz geyde tolı aydı, geyde yarım aydı, geyde jańa tuwǵan aydı kóremiz. Biz kúndiz aydı, al túnde quyashtı kórmeymiz. Biz jerden qaraǵanımızda Aydıń kórinisi hár túrli bolıp kórinedi. Bir waqıtları túnde Ay kórinbey qaladı, bir neshe kún ótip, jińishke kórinistegi jańa ay kórinedi. Kúnlerdiń ótiwi menen jańa ay qalıńlasıp, yarım ayǵa aylanıp baradı. Yarım ay kúnnen-kúnge tolısıp, bir hápteden keyin tolıq ayǵa aylanadı. Bir neshe kúnnen keyin tolıq aydıń jáne kishireyip baratırǵanın baqlaw múmkin. Solay etip tolıq ay jáne yarım ayǵa, sońınan jańa ay kórinisine kelip qaladı. Ay ne ushın kórinisin ózgertirip turadı? Aydıń Quyashqa qarap turǵan yarımı jaqtı, arqası bolsa qarańǵı boladı. Túnde bizge tek Quyash jaqtılandırıp turǵan jaqtı bólegi kórinedi.Barlıq waqıtta Quyash túsip turǵan jaqtı tárepi bizge tolıq kórinbeydi. Jaqtı bóliminiń úlken yamasa kishi bolıp kóriniwi Ay hám Quyashtıń Jerge salıstırǵandaǵı jaǵdayına baylanıslı eken. Ayda on bes sutka jaqtılıq bolsa, on bes sutka dawamında qarańǵı tún boladı.



***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Aydıń kórinisi ne ushın ózgerip turadı eken?
2. Siz Ay hám Jer haqqında nelerdi bilesiz?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



***2-tapsırma.*** Berilgen naqıldı oqıń hám mánisin aytıp beriń.

Aydıń on besi qarańǵı, on besi jaqtı.



## JER, AY HÁM TULPAR-RAKETA HAQQÍNDA ERTEK

Áyyemgi zamanlarda Jer menen Ay dos bolgan. Olar sheksiz aspan keńligin birge sayaxat etken. Biraq tabir kúni Ay maqtanıp, Jerge bılay dedi:

– Men seniń menen turıwdan zeriktim, endi juldizlarǵa baraman. Olar kóp. Olar menen birge turıw maǵan kewilli boladı.

– Olay etpe, qımbatlım Olarǵa jetiw ushın mıń jıllar kerek boladı. Báribir juldızlarǵa jete almaysań, – depti Jer.

Ay soǵan qaramastan:

– Baraman dedim be, baraman, – dep ójetlenipti.

Solay etip, Ay jolǵa shıǵıp ketti. Keynine qaramastan kóp-kóp kúnlerdi hám túnlerdi ótkerip, ol juldızlarǵa jetti. Juldızlar bolsa burınǵısınan heshqanday ózgermesten, gúmistey jıltırawın dawam etti.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Jerdiń durıs aytqanın Ay endi ǵana túsindi. Ol qattı sharshaǵanlıqtan hálsiredi. Biraq ta endi kesh bolǵan edi. Al, izge qaytıw bolsa uyat. Sonnan beri óziniń ójetligine uyalıp, Ay, Jer dógeregin aylanatuǵın boldı.

Aradan kóp waqıtlar ótti. Aydıń qartayǵanlıǵı bilindi. Betinde kóp jıyrıqlar payda boldı. Ay Jerge birge bolıwdı, taslap ketkeni ushın keshiriwin sorap, kóp jalındı.

– Bizler eski doslarmız ǵoy. Seni meniń taǵdirim qızıqtırmay ma? – dedi ol.

Aqırında Jer Ay menen jarasıwdı maqul kórdi.

– Meyli, men keshiremen, qaytıp kelińiz, – dedi Jer.

– Oy, raxmet, – dep quwanıp ketti Ay, biraq ta sol waqıttıń ózinde qayǵılı dawıs penen ókinishli túrde endi qartayǵanın, ilajı bolsa alıp ketiwin ótinish etti.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Jer oylanıp qaldı hám óziniń perzentleri – adamlarǵa qarata: Barıńlar. Aydı alıp kelińler, oǵan ne bolǵanın bilińler – dedi.

Ay: “Adamlar sonday kishkene... Olar qalayınsha maǵan shekem jetip kele aladı?” – dep gúmanlandı. Jer buni sezdi:



“Adamlar hámme nársege uqıpli, olar kúshli” – dep túsindirdi.

Ay gáptiń keyinin esitip úlgermey-aq, aylana dógereginde tolǵan tútin payda boldı. Tanawınan jıldırımday bir neshe nur shashqan qanatlı Tulpar payda boldı.

– Seniń atıń kim? – dep soradı ushqısh qanatlı Tulpardan hayran qalǵan Ay. Tulpar maqtanısh penen “Meniń atım Raketa. Jerdegi adamlar siziń awhalıńızdı biliwge jiberdi. Al, tez kúnde olar sizge ózleri de keledi” – dep juwap berdi.

Ay quwanıp qaldı. Ol Jerdiń shın dos ekenine isendi.

*Qaraqalpaq xalıq ertegi*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Ay Jerdi ne ushın taslap ketip qaldı?
2. Juldızlarǵa jetip barǵanda nege ókindi?
3. Jer Aydı alıp keliw ushın kimlerdi jumsadı?
4. Ayǵa jetip barǵan nárse ne edi?
5. Siz Ay hám Jer haqqında nelerdi bilesiz?



***2-tapsırma.*** Doslıq haqqında sáwbetlesiń. Ertektiń mazmunınan paydalanıp "Jer menen Aydıń doslıǵı" degen temada kishi tekst dúziń.

## KIM BOLAMAN?



Kim bolaman, qaysı kásip iyesi,
Qanday stanoktı meńgeremen men.
Kóz aldımda keleshektiń elesi,
Qanday kásip penen tanılar ekenmen?

Qıyalım ketedi sharlap álemdi,
Ánekey kosmosta sayaxattaman.
Geyde oylanaman uslap qálemdi,
Baslamaqshıdayman jańa roman.

Texnikanıń sırlı áleminde men,
Maman bolsam kompyuterdi meńgergen.
Geyde ashılmaǵan álem sırın ashsam,
Alımlarǵa bar ma adam teń kelgen?

Meyli, kim bolsam da, qayda bolsam da,
Xızmet etiw kerek elge paydalı.
Sonlıqtan da bizlerdey jas insannan,
Sır qutılmas aspan menen aydaǵı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Bala neler haqqında oylanǵan?
2. Qanday kásipler haqqında sóz etedi?

***2-tapsırma.*** Berilgen naqıldı oqıń hám balanıń "Sır qutılmas, aspan menen aydaǵı" degen pikiri haqqında sáwbetlesiń.

## KOSMONAVTIKANÍŃ QÍSQASHA TARIYXÍ

Aspanǵa ushıwdı kim háwes etpeydi deysiz? Kókte ushıp júrgen quslarǵa háwes penen qarap, ushıwshı bolıwdı árman etemiz.

Kosmonovtika kosmostı izertlew menen shuǵıllanatuǵın ilim tarawı. Kosmonovtika jigirmanshı ásirdiń baslarınan baslap rawajlana basladı. Bir mıń toǵız júz alpıs birinshi jılı on ekinshi aprel kúni bolsa, aspanǵa birinshi insan ushtı. Rus kosmonavtı Yuriy Gagarin "Vostok-1" hawa kemesinde Jerdiń átirapın bir júz segiz minut dawamında aylanıp ushqan.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***1-tapsırma.*** Tekstti oqıp, sorawlarǵa juwap beriń.

1. Kosmostı izertleytuǵın ilimdi ne dep ataymız?
2. Birinshi rus kosmonavtınıń atı kim eken?

***2-tapsırma.*** Berilgen sózlerdi buwınlarǵa bólip oqıń, neshe buwınnan turatuǵınlıǵın sanań.

Kókte ushıp júrgen quslarǵa háwes penen qarap, ushıwshı bolıwdı árman etemiz.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MÁWSIMLERDIŃ ALMASÍWÍ

Jer planetası Quyashtıń átirapın bir márte aylanıp shıǵıwı ushın úsh júz alpıs bes sutka hám altı saat waqıt ketedi. Jer sharınıń Quyash átirapında tolıq bir márte aylanıp shıǵıwı ushın ketetuǵın waqıt *jıl* dep ataladı.

Bir *jıl* úsh júz alpıs bes sutka hám altı saat bolǵanı ushın izbe-iz úsh jıl úsh júz alpıs bes sutka dep esaplanadı. Al tórtinshi jıl bolsa úsh júz alpıs altı sutkadan turadı. Bul kún fevral ayına tuwra keledi. Hár tórt jılda biz fevral ayınıń jigima toǵızinhı sánesin kútip alamız. Bul jıl *kabisa jılı* dep ataladı.



***1-tapsırma.*** Tekstti oqıp, sorawlarǵa juwap beriń.

1. Jıl degenimiz neshe sutkadan ibarat eken?
2. Ne ushın hár tórtinshi jıl úsh júz alpıs altı kúnnen turadı?



***2-tapsırma.*** Berilgen gápti buwınlarǵa bólip oqıń.

Jer sharınıń Quyash átirapında tolıq bir márte aylanıp shıǵıwı ushın ketetuǵın waqıt jıl dep ataladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## SIZ BUNÍ BILESIZ BE?

## GORIZONT

Siz átirapıńızǵa qarap qansha jerge shekemgi aralıqtı kóre alasız?

Ashıq hám tegis jerde sheńber kórinisinde kórinetuǵın Jer júziniń bólimi gorizont dep ataladı. Jer shar kórinisinde bolǵanı ushın gorizont sızıǵınıń uzaqlıǵı shegaralanǵan. Ashıq hám tegis jerde bizge tórt km uzaqlıqqa shekem bolǵan jerler kórinedi. Bunday jaǵdayda gorizont tórt km uzaqlıqta dep aytamız. Gorizonttıń tiykarǵı tórt tárepi bar. Erte tańda Quyash shıǵatuǵın tárepi – shıǵıs Quyash batatuǵın tárepi – batıs boladı. Gorizonttıń basqa tárepleri anıqlaw ushın oń qolımız shıǵıstı, shep qolımız batıstı kórsetetuǵın etip jayamız. Bunday halda siz qarap turǵan tárep – arqa, artqı tárepińiz – qubla boladı. Shıǵıs, batıs, arqa hám qubla gorizonttıń tiykarǵı tárepleri dep ataladı.



***1-tapsırma.*** Tekstti oqıp, sorawlarǵa juwap beriń.

1. Gorizont degenimiz ne eken?
2. Gorizonttıń tárepleri qanday ataladı?



***2-tapsırma.*** Berilgen gápti buwınlarǵa bólip oqıń. Juwan buwınlardı tabıń.

Shıǵıs, batıs, arqa hám qubla gorizonttıń tiykarǵı tárepleri dep ataladı.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## SIZ BUNÍ BILESIZ BE?
## JULDÍZLAR

Aspanda jarqırap turǵan noqatlardı heshqanday úskenelersiz kóre alamız. Arnawlı úskene járdeminde juldızlar gaz hám shańnan ibarat bolǵan úlken shar ekenligi anıqlanǵan. Juldızlardıń úlkenligi quyashqa teń. Juldızlar kosmosta ájayip juldızlar aralın payda etedi.

Juldızlar bizge birdey reńde kórinedi. Biraq olar qızıl, sarı, kók hám aq reńde boladı eken. Aq hám kók juldızlar júda ıssı hám jaqtılı boladı. Sarı juldızlar biraz suwıqlaw boladı. Qızıl juldızlar eń úlken juldız bolıp, júda suwıq boladı. Juldızlar tuwıladı, jasaydı. Úlken juldızlar jaqtılı boladı, biraq tez óshedi.



***1-tapsırma.*** Tekstti oqıp, sorawlarǵa juwap beriń.

1. Juldızlar qanday reńlerde boladı eken?
2. Juldızlar reńiniń onıń jaqtılı bolıwına tásiri bar ma?



***2-tapsırma.*** Berilgen tekstti oqıp, maǵlıwmattı bilip alıń. Reńdi bildiretuǵın sózlerdi aytıp beriń.



Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## SIZ BUNÍ BILESIZ BE?

## POLYUS JULDÍZÍ

Áyyemde uzaq saparǵa shıqqan sayaxatshılar túnde “Polyus juldızı” dep atalatuǵın juldızǵa qarap, gorizont tárеplerin anıqlay alǵan. Túnde aspandaǵı juldızlardı bir qansha waqıt baqlasaq, olar shıǵıstan batısqa qarap jıljıp baratırǵanın kóriwge boladı. Tiykarında juldızlar Jerge salıstırǵanda bir jerde turadı. Jer batıstan shıǵısqa qarap óz kósheri átirapında aylanıp atırǵanı ushın sonday seziledi. Biraq aspannıń arqa tárepinde tek bir jaqtı juldız jıljımastan bir jerde turadı. Bul ***Polyus juldızı*** bolıp esaplanadı. Jer sharınıń qay jerinde turıp qarasa da, Polyus juldızı bir jerde qıymıldamastan adamlarǵa arqa tárepti kórsetip tura beredi.






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Polyus juldızın qalay tabıwǵa boladı? Polyus juldızı eń jaqtı juldızlardan biri bolıp, onıń oń tárepinde jáne altı jaqtı juldızdı abaylaw múmkin. Sol juldızlar hám Polyus juldızı óz ara sızıqlar arqalı qıyalıy birlestirilse, jeti juldızdan ibarat bolǵan shómishtıń kórinisi payda boladı. Aspannıń sol tárepinde jáne úlkenirek shómish kórinistegi jáne jeti juldızdı kóriw múmkin. Birinshi juldız benen ekinshi juldızdı birlestiriwshi tuwrı sızıq qıyalıy dawam ettirilse, bul sızıq sol Polyus juldızınan ótedi. Sol tárizde Polyus juldızın tabıw múmkin.



***1-tapsırma.*** Tekstti oqıp, sorawlarǵa juwap beriń.

1. Polyus juldızı qaysı tárepti kórsetedi eken?
2. Polyus juldızın qalay tabıwǵa boladı?



***2-tapsırma.*** Berilgen súwretlerge qarap Polyus juldızın tabıń.

## SIZ BUNÍ BILESIZ BE?
## KOMPAS

Gorizont tárеplerin jergilikli belgilerge qarap anıqlawǵa boladı. Mısalı, tereklerdiń qublaǵa qaraǵan shaqaları qalıń, arqaǵa qaraǵan tárеplerinde bolsa shaqaları siyrek boladı. Túbirdiń kesilgen jerindegi saqıynalardıń aralıǵı uzaq bolǵan bólegi qubla tárepke, saqıynaları tıǵız jaylasqan bólegi bolsa arqa tárepke tuwra keledi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Gorizont táreplerin anıqlaw ushın arnawlı ásbap – kompas oylap tabılǵan.




Gorizont táreplerin anıqlaw ushın qollanılatuǵın ásbap kompas dep ataladı.



***1-tapsırma.*** Tekstti oqıp, sorawlarǵa juwap beriń.

1. Juldızlar qanday reńlerde boladı eken?
2. Juldızlar reńiniń onıń jaqtılı bolıwına tásiri bar ma?



***2-tapsırma.*** Berilgen tekstti oqıp, táreplerdi bildiretuǵın sózlerdi aytıp beriń.

Túbirdiń kesilgen jerindegi saqıynalardıń aralıǵı uzaq bolǵan bólegi qubla tárepke, saqıynaları tıǵız jaylasqan bólegi bolsa arqa tárepke tuwra keledi.

## SIZ BUNÍ BILESIZ BE?

## JULDÍZLAR JAWÍNÍ

Geyde aspannan qanday da bir zat túskeni haqqında esitemiz. Geyde túnde ózinen iz qaldırıp, aspannan jerge túsip kiyatırǵan jaqtını da kóriw múnkin. Onı adamlar “Juldız ushtı” dep oylaydı. Biraq juldızlar hesh jaqqa ushpaydı. Juldızlardıń mayda shań bólekleri ǵana ushadı.

Mayda qattı bólekler úlken tezlik penen jerge qaray ushadı. Olar hawa menen ısqılanıw nátiyjesinde qızıp janadı. Bul júz km bálentlikte boladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Atmasferada janbay jerge túsken taslar meteorit dep ataladı.

Meteorit kúndiz kórinbeydi, ayırım úlkenlewleri túnde kózge taslanadı.



***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Juldız ushtı degen pikir durıs pa?
2. Meteorit degenimiz ne eken?



***2-tapsırma.*** Berilgen tekstti oqıp, háreketti bildiretuǵın sózlerdi aytıp beriń.

Mayda qattı bólekler úlken tezlik penen jerge qaray ushadı. Olar hawa menen ısqılanıw nátiyjesinde qızıp janadı. Bul júz km bálentlikte boladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# SIZ BUNÍ BILESIZ BE?
# JERDIŃ JASALMA JOLDASÍ



Jasalma joldas orbitası jerden bir neshe júz mıń yaki mıń kilometr bálentlikte jaylasadı. Jasalma joldaslardı aysız túnlerde kóriwińizge boladı. Olar aspan boylap párwaz etetuǵın juldızlarǵa usap kórinedi. Olardı jaqtılıq energiyasınan quwat alıwshı videokameralar menen úskenelenedi. Jer júzin súwretke alıwshı qurılmalar hám uzatqıshlar menen kóriwge boladı.

Birinshi jasalma joldas bir mıń toǵız júz eliw jetinshi jılda jaratılǵan. Jasalma joldas sheksiz kosmos keńliginen keletuǵın signallardı qabıl etedi. Jasalma joldas antennaları jıynalǵan maǵlıwmatlardı Jerge jiberedi. Arnawlı járdemshi úskene Quyash batareyaların kerekli tárepke baǵdarlaydı.



***1-tapsırma.*** Tekstti oqıp, sorawlarǵa juwap beriń.

1. Jerdiń jasalma joldasın qay waqıtta kóriwge boladı?
2. Ol qanday xızmet atqaradı?



***2-tapsırma.*** Berilgen sózlerdi oqıń. Olardıń mánisin aytıp beriń. Bul zatlar qanday xızmet atqaratuǵınlıǵı haqqında sáwbetlesiń.

Videokamera, súwretke alıwshı qurılma, uzatqısh



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## SIZ BUNÍ BILESIZ BE?

## BEKKEMLEW

## AY JERDEN ÚLKEN BE?



***1-tapsırma.*** K. Ernazarovtıń “Aydaǵı sayaxat” fantastikalıq gúrrińinen úzindini oqıń hám ondaǵı ay menen baylanıslı waqıyalardı turmıs penen salıstırıń.

## AYDAǴI SAYAXAT

“Aydıń teńizi” dep atalıwınıń sebebi: bir waqıtları suw tolqıp turǵan haqıyqıy teńiz bolǵan. Qaysı bir dáwirlerde kún orbitasınıń ayǵa kútá jaqınlawı nátiyjesinde suwlar puwǵa aylanǵan. Tirishilik sóne baslaǵan. Tek eń shıdamlı maqluqlar ǵana sayalı jartaslar astında tiri qalǵan. Ay tábiyatı birneshe ret qayta ózgerislerge ushıraǵan eken.

“Ay vertolyotı” Aydıń teńizi ústine kelip jetti. Ol alǵa júriwin toqtatıp, teńiz ultanına qaray súńgiy basladı.

Vertolyotımız qızıl mramordan salınǵan on tórt qabatlı jaydıń aldındaǵı maydanshaǵa qondı. Men ózimdi shańaraǵı alıp taslanǵan qara úyde otırǵanǵa megzettim.



***2-tapsırma.*** Berilgen tekstlerdi oqıń hám onıń óz sózińiz benen túsindiriń.

* * *

Ájaǵasınıń kitaplarınıń súwretine qarap, Ádil ózinshe gáp quray basladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ájaǵası:

– Ele seniń biletuǵın bir háribiń joq, neni oqıp atırsań?

Ádil:

– Men degen súwretke qarap-aq oqıy beremen.

* * *

– Esaplarımdı shıǵarıp boldım, – dedi ájapası. Ádil bolsa qasında dım úndemey otırdı. Ájapası basqa sabaqlardan da tayarlana baslaǵan gezde Ádil shıdamay:

– Ájapa,esaptı shıǵarǵanıń qáne, kórinbeydi ǵoy? – dedi.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# IV BÓLIM. ÓTILGENLERDI TÁKIRARLAW

## ÓTILGENLERDI ESKE TÚSIREYIK

### TÚLKI HÁM ESHKI

Bir túlki ján-jaǵına qaranıp, quyrıǵın bılǵańlatıp juwırıp baratır edi, abaysızdan bir qudıqqa túsip ketti. Qudıqtan shıǵa almay turǵanda, bir eshki suw izlep júrip, usı qudıqqa tap boldı. Eshki qudıqtıń ishine úńilip qarap edi, onıń ishindegi túlkini kórdi.

– Túlki batır, qudıqtıń ishinde ne islep turıpsań? – dep soradı eshki.

– Dem alıp atırman, – dep juwap berdi túlki. Joqarıda, dalada júrgenimde kóp shóllep hám kúnniń ıssısınan azap kórip edim. Bul manda házlik eken, qudıqtıń ishi salqın, suwı da kóp.

– Suwı jaqsı ma? – dep soraptı eshki.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

– Tıp-tınıq, ózi sonday jaqsı, ishkiń kelse sekirip túse ǵoy, dep juwap berdi túlki. Bunı esitken eshki qudıqqa sekirip túsip edi. Hiyleker túlki eshkiniń múyizinen basıp, qudıqtan ırǵıp shıǵıp óz jolına ketipti.

Al eshki bolsa, keshke shekem qudıqtıń ishinde tura beripti. Keshke jaqın iyesi izlep júrip, onı qudıqtan zorǵa degende shıǵarıp alǵan eken.

***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Ertekte qaysı haywanlardı ushıratamız?
2. Eshki túlkiden ne soraǵan edi?
3. Túlki qudıqtan qalay shıqtı?
4. Kimdiki durıs dep oylaysız?
5. Ertekke qanday at qoyǵan bolar edińiz?

***2-tapsırma.*** Úy haywanları menen jabayı haywanlardıń atların aytıń hám olardıń háreketleri haqqında sóylep beriń.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# KITAP PENEN DOS BOLAMÍZ
# KITAPLAR SÓYLEYDI

Kitap – bilim bulaǵı,
Kerek hárbir kúninde,
Seniń sirá qulaǵıń,
Esitpeydi birinde.

“Jırtpa” dese jırtasań,
Pátpelek qılıp ushırıp,
Óz qolıńnan qurtasań,
Biz turamız qısınıp.

Tapsırmanı sorasa,
“Beti joq” deyseń uyalmay,
Írjıyıp kep turasań,
Eziwińdi jıya almay.

Úp-úlken-aq balasań,
Bir oylanıp kórseń-o,
Qashan adam bolasań,
Tártip saqlap júrseń-o!



*K. Ernazarov*

***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń. Berilgen qosıqtı oqıp mazmunın aytıp beriń.

1. Oqıwshı balanıń adetleri qanday?
2. Ne ushın kitaptıń beti joq boldı?
3. Oqıwshı balanıń isleri durıs pa?
4. Sizler qanday oqıwshısız?

***2-tapsırma.*** Kitapqa qanday qatnas jasaw kerekligi haqqında sáwbetlesiń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# MIYMAN BOLÍW QANDAY JAQSÍ!
# MIYMAN HÚRMETI

Miymandos hám saqıy ayıwdıń úyine ashıwshaq arıslan miymanǵa kelipti. Ayıw miymandı ǵoza menen sıylamaqshı bolıp, úlken balasına terekke shıǵıwdı buyırıptı. Balası kónbepti. Ekinshi balası sezgir, epshil eken. Ol da kónbepti. Úshinshi balası háreketsheń eken, ol da kónbepti. Sonda arıslan:

– Balalarıń qızǵanshaq hám ózimshil eken, – depti.

Ata ayıw arıslanǵa:

– Armanıraq barayıq, – depti. Olar sál armanıraq ketken soń ayıwdıń balaları shaqqan hám epshilligin kórsetip, terekke tırmasıp shıǵıptı da,





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ǵoza alıp túsipti. Olar miyman hám atasınıń aldına ǵozalardı qoyıptı. Hayran qalǵan sabırsız arıslan ayıwdıń úlken balasınan bunıń sebebin soraǵanda:

– Atamız terek astında edi, ol turǵan jerde terektiń joqarısına shıǵıw ádepten emes, – depti. Sonda arıslan ayıwǵa:

– Tezirek terek astınan ketseń bolmas pa edi? – degeninde Ayıw:

– Qasımda sezgir miyman bar edi. Onı taslap ketiw, renjitiw ádeplilikke jatpaydı. Bizde “Miyman – atańday ullı” degen danalıq sóz bar, – dep juwap beripti.



***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Ayıwdıń balaları ne ushın atasınıń aytqanın qılmadı?
2. Ayıwdıń balası hám ata ayıw miymanǵa neni túsindirdi?



***2-tapsırma.*** Berilgen tekstti oqıp qanday degen sorawǵa juwap beretuǵın sózlerdi aytıp beriń.

## LALAXAN ANASÍNA JÁRDEMSHI

Lalaxannıń háwlige suw sewip atırǵanın kórip, anası quwanıp ketti.

– Aynalayın-aw, Lalaxanım, jumısımdı jeńillettiń ǵoy qaraǵım, men endi qazan asayın, – dedi. Lalaxan háwlige suw sewip bolıp anasınan:

– Sipse qayda, apa? – dep soradı.

– Taldıń astında turıptı, qızım, háwlini sıpırıp bolǵanıńnan keyin sipseni quyashqa taslap qoyma,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



quwrap qaladı, keyin sıpırıp atırǵanıńda sınıp qalatuǵın boladı, – dedi anası. Lalaxan ishinen: "Anam júdá aqıllı, barlıq nárseni biledi" – dep oyladı, sóytip ózi de anasına usaǵısı keldi. Ol tez-tez háwlini sıpırdı. Keyin sipseni salmadaǵı suwǵa malıp alıp, bir silkti de, taldıń astına qoydı. Onnan keyin háwlidegi gúllerge suw quydı. Lalaxan barlıq jumısların tamamlap, úkesin kóterip kóshege shıqtı. Awqat tayar bolaman degenshe usılayınsha járdem beredi.



***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Lalaxan anasına qalay járdem berdi?
2. Lalaxan anasınan nelerdi bilip aldı?
3. Sizler anańızǵa járdem beresiz be?

## TIL HÁM KEWIL

## MEHRIBANLÍQ

Anası úyge kirip, Maqsetke:

– Dúkanda alma satıp atır eken, sen tezirek barıp gezekke tura ber, men házir baraman, – dedi.

Alıstaǵı awıllarda bul waqıtlarda alma, almurt, júzim sıyaqlı jemisler kem bolatuǵın edi. Maq-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

set velosipedi menen zıńǵıp dúkanǵa demde jetti. Alıwshılar oǵada kóp eken. Maqset gezekke turdı. Ol demniń arasında ózinen keyin birtalay adamnıń gezekke turǵanın kórip hayran qaldı. Anası: Men baraman degenshe óziń-aq ólshetip ala ber, – dep edi.

Maqsettiń gezegi jańa jetkende, birden satıwshı xalıqqa:

– Alma tawsıldı. Mına baladan keyingiler turmay-aq qoyıń! – dedi. Gezekte turǵanlar ǵawırlasıp ókinishli sózlerin aytıp, ilajsızdan tarqasa basladı. Sol waqta qolında qaltası bar bir kempir alǵa umtılıp:

– Shıraǵım, almań tawsılıp qaldı ma? – dedi satıwshıǵa júdá qıynalıp qarap.

– Áttegen-ay! Awıldan emlewxanada jatqan aqlıǵıma kelip edim. Soǵan azıraq tawıp bereǵoysań-o.

– Joq ǵoy, sheshe, tawsılıp qaldı, – dedi satıwshı qalǵan almanı Maqsetke ólshep berip atırıp. Al Maqset birese tárezidegi almaǵa, birese kempirge qarap qoyadı. Ol bir nársege oylanıp qıynalıp tur. Bir waqları bir sheshimge kelgendey, ol ele de kete almay turǵan kempirge qarap:

– Sheshe, – dedi, – mına almanı siz alaǵoyıń, al men anama barlıǵın túsindirip aytarman, ol urıspaydı, ala ǵoyıń. Aqlıǵıńızǵa apara ǵoyıń – dedi asıǵıs tap birew kórip qoyatuǵınday. Awzın ashıp ań-tań bolǵan kempir bir waqları ózine kelip:

– Háy, baxtıń jańǵır, kóp jasaǵır balam, qanday miyrimli bala ediń, óziń. Raxmet, aynanayın! – dep alǵısın ústi- ústine jawdıra basladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Maqset keteyin dep jańa artına burıla bergeni, qarasa anası turǵan eken. Bala albıraqlap ózin aqlamaqshı bolıp:

– Bileseń be, ana.. – dey berip edi, onıń sózin bólip:

– Bilemen, bilemen, balam, aytpay-aq qoy. Tek birdeyine usınday bol! – edi kúlimsirep. “Mehri-banlıq – júrekten, qayırqomlıq – bilekten” deydi xalqımız.

*E. Ótetilewov*



***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Maqsetti anası qay jerge jumsadı?
2. Maqset ózine alǵan almasın ne ushın kempirge berdi?
3. Bunday jaǵdayda sizler ne islegen bolar edińiz?

***2-tapsırma.*** Berilgen tekstti oqıp mazmunın aytıp beriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## AY JERDEN ÚLKEN BE?
## BIRINSHI KOSMONAVT

Rustıń dańqlı kosmonavtı Yuriy Gagarin, pútkil dúnyada birinshi bolıp “Vostok” korablinde álem keńisligine ushıp shıqtı. Ol usı qaharmanlıǵı menen pútkil dúnyanı tań qaldırdı. Yuriy Gagarin óziniń qaharmanlıǵı menen elin dańqqa bóledi. Basqa kosmonavtlar da Yuriy Gagarinniń qaharmanlıǵın dawam etti. Olar Yuriy Gagarinnen de uzaǵıraq hám kóbirek waqıt jer sharın aynalıp ushıp ilimniń hám texnikanıń tań qalarlıq jetiskenliginiń guwası boldı. Álem keńisligine ushqan qaharman-kosmonavtlardıń arasında eń birinshi hayal-qız kosmonavt Valentina Tereshkova da bar. Bir ko-





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

rabl emes, bir neshe korabldiń birlikte ushqanın aytpaysań ba? Eki korabldiń qosarlasıp ushqanın ayt! Minekey batırlıq!



***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Dúnyada birinshi bolıp kosmosqa ushqan kim?
2. Álem keńisligine ushqan eń birinshi hayalqız kosmonavt kim?
3. Házirgi waqıtta kosmosqa ushıw menen baylanıslı jańalıqlardı bilesiz be?



***1-tapsırma.*** Berilgen teksten bas hárip penen jazılǵan sózlerdi tabıń hám sebebin túsindiriń.

## SÍNǴAN AYNA SALÍNDÍ

Balalar top oynadı,
Ishinde bar Murat ta,
Tebilgen top pát penen,
Ushıp ketti bir waqta.

Tiydi barıp áynekke,
Sınıp boldı shıl-párshe,
Náziyra apay – iyesi,
Ketken eken tap keshe.

Úyge qayttı muńayıp,
Sınǵan áynek uyalttı.
Murat jatqan ákesin,
Azan menen oyattı.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ayttı bolǵan jaǵdaydı,
Ákesine jasırmay.
Turǵanlıǵın ulınıń,
Basqalarǵa asılmay,

Mártlik dedi ákesi,
Maqulladı balasın.
Ketti sınǵan áynekke,
Salıw ushın jańasın.

***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Balalar ne oynadı?
2 Náziyra apaydıń jayınıń áynegi ne ushın sındı?
3. Murat ne ushın úyine qayttı?
4. Ákesi balasına ne dedi?

***2-tapsırma.*** "Futbol oynaǵanda" degen temada sáwbetlesiń. Qosıqtıń ishinen háreketti bildiretuǵın sózlerdi tabıń hám sebebin túsindiriń.

Bas, jaz, qıs, at, sıyaqlı bir buwınlı sózler ekinshi qatarǵa ótkerilmeydi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## QOSÍMSHA OQÍW USHÍN

## SHÍRPÍ OYÍNSHÍQ EMES



Meniń eń kishkene dostım,
Bergim keldi, saǵan keńes.
Aytsam, eger gáptiń durısın,
Shırpı – ol, oyınshıq emes.

Barlıq jerde dúkánlarda,
Ne bir sulıw oyınshıq bar.
Oynaw ushın kerek bolsa,
Bar da onı tez satıp al.

Oynasań, sen shırpı menen,
Durıslı bala bolmaǵanıń.
Lawlap janǵan sol ot penen.
Boladı, ol oynaǵanıń.

Ot – tilsiz jaw, – degen sózdi,
Ata-baba aytqan burın.
Kim bolsa da, ol házirde de,
Biledi ǵoy, ottıń sırın.

Ushqın tússe bir shetine,
Alısadı kók toǵaylar.
Payda bolsa órt eger de,
Búlinedi sulıw jaylar.

Meniń eń kishkene dostım,
Bergim keldi, saǵan keńes.
Aytsam, eger gáptiń tuwrısın,
Shırpı, ol oyınshıq emes.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# JAQSÍLÍQQA JAQSÍLÍQ

Burıńǵı zamanda zulımlıq penen atı shıqqan patshanıń jurtında bir mergen jasaptı. Mergendi sarayǵa jumıs islewge shaqırıptı, biraq ol adamlardı óltirmeymen dep barmaptı. Patsha onı elinen quwıp jiberipti. Ol toǵayǵa kelip, bala-shaǵası ash bolǵanı ushın ań awlawǵa shıǵıptı.

Oq jayında tek eki oq bar eken. Keshke shekem aldınan bir de ań shıqpaptı. Qapa bolıp kiyatırsa, qustıń palapanlarınıń shúykildegen dawısı shıǵıptı. Juwırıp barsa, terekke órmelegen jılandı kóripti. Jılan kepterdiń uyasına jaqınlap qalǵan eken. Kepter uyada úsh palapanı menen shırıldap turǵan eken. Mergen oylanıp otırmay, jılandı oq jay menen atıp óltiripti. Jılandı óltirip, jolın dawam etipti. Qalıń toǵaydan shıqqan jerde onı bir dáw uslap alıptı.

– Adamzat, – depti dáw, – anaw minaranıń basındaǵı qonırawǵa bir atqanda tiygizseń, seni óltirmeymen.

Mergen qarasa qonıraw túwe, minara zorǵa kórinip turǵan eken. Ol tuwrı gózelewine kózi jetpese de ilajsız razı bolıptı. Ólimin moynına alıp, oq jaydan sońǵı oǵın atıptı.

Kóp waqıtqa shekem ses shıqpaptı. Bir waqıtta qońırawǵa bir nárseniń tiygen sesti esitilipti. Dáw onıń mergenligine hayran qalıp, ólimnen azat etipti. Mergen qorǵandı jaǵalap kiyatırsa, jerde ólip atırǵan kepterdi kóripti. Ol waqıyanı túsinipti. Mergenniń oǵı qońırawǵa tiymegenligin kórgen kepter qońırawǵa ózin urǵan eken.

Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# INSAP

Burınǵı zamanda soqır bala ata-anası menen jasaydı eken. Atası da, anası da adamlardı aldap, haqıların jep, alǵan zatın qaytıp bermeydi eken. Ata-anası úyinde joq gezde de adamlar kelip, balaǵa baqırıp ketedi eken. Ata-anasınan alalmaǵan ashıwın baladan aladı eken. Bala táǵdirine kónip jasay beripti.

Bir kúnleri jolda bala qattı bir nársege súrnigip jıǵıladı. Ol súrnikken zatın sıypalap kóripti. Jartısı jerge kómilip atırǵan salmaqlı zat eken. Erinbey qazıp, onı qoparıp alıptı.

– Mınaw ne? – depti ótip baratırǵan birewge.

– Altın ǵoy! – depti ol.

– Má sen ala ǵoy, – depti oǵan bala.

– Haw, sen altınnıń ne ekenin túsinbeyseń be? – depti jolawshı.

– Altın jóninde kóp esitkenmen. Jaqsı túsinemen. Biraq, bul altın meniki emes, – depti bala.

Jolawshı da kútá insaplı adam eken.

– Óz altınıń ózińdiki bolsın, – dep jónine ketipti. Bala hayran bolıp “háy, altın joytqan bar ma?” – dep qattı baqırıptı. Heshkim shıqpaydı. Bala úyine barıwǵa ata-anasınıń altındı alıp qoyıwınan qorqıptı. Ol tuwrı qazıǵa baradı hám altındı kámbaǵallarǵa beriwdi soraydı. Sol kúni keshte bala óziniń isinen razı bolıp, uyqıǵa ketipti. Azanda oyansa, kózleri kóretuǵın bolǵan eken.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# SAQÍYLÍQ HÁM SÍQMARLÍQ

Burınǵı ótken zamanda bir saqıy patsha jasaǵan eken. Bir kúni ol óziniń wázirin shaqırıp alıptı.

– Men birewge mıń tilla bermekshimen, qanday máslahat beresiz? – depti.

– Bunday kóp puldı bir adamǵa beriwge bolmaydı, – depti wázir.

– Yarımın bersem bola ma?

– Kóplik etedi.

– Úshten birin bersem ne?

– Kóplik etedi.

– Tórtten birin bersem ne?

– Kóplik etedi.

– Endi ne dep keńes bereseń?

Wázir bir adamǵa júz tilla beriw kóplik etse de, meyli bere ǵoyıń, – depti.

– Qanday baxıtsız adamsań? – depti patsha. Sol mıń tillanı sizge bermekshi edim. Siz ózinizdiń kewlińizdiń tarlıǵı menen mıń tilladan ayrıldıń hám meni de saqıylıǵımnan ayırdıń.

Wázirdiń túri ózgerip ketipti hám patshaǵa jalınıp, óziniń qáteleskenin aytıp keshirim soraptı.

– Seniń ornıńa sol pulǵa zárúr bolǵan bir insanǵa bergenimde qanshelli jaqsılıq etken bolar edim, ol da qanshelli quwanǵan bolar edi. Qayır-saqawatqa arzımaytuǵın adam ekenseń. Óz qararıńa muwapıq, mine saǵan júz tilla, endi meniń májilislerime qatnaspa. Men de orınsız keńesleriń sebepli saqıylıǵıma daq tiygizbeyin, – depti.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## JOLBARÍS HÁM MAYMÍL

Bir kúni jolbarıs tawdıń eteginde otlap júrgen bir túyeni uslap alıptı. Onı bólek-bóleklerge ayırıp, ráhátlenip jepti. Qarnın toydırıp, ózine óziniń kewli tolıp, ján-jaǵına qaraptı. Hámme esitsin degendey biyiklikke shıǵıp, dawısınıń barınsha baqırdı.

– Kúsh-quwatta maǵan teń keletuǵın haywan ele dúnyaǵa kelgen emes. Hátte, pil de meniń aldımnan shıǵıp qalsa, bir degende joq ete alaman.

Tap usı payıtta birden tawdıń tóbesinen úlken tas qulaptı.

Tas maqtanshaq jolbarıstıń arqasına tiyip, jaralaptı. Jolbarıs óziniń denesin kótere almay jerge quladı. Birazdan soń súyretilip zorǵa suw ishiwge kóldiń boyına barıptı. Suw iship bolıp, haldan tayıp, uyqıǵa ketipti. Birazdan soń denesiniń qattı awırǵanınan oyanıptı. Qarasa, ol jatıp qalǵan jer qumırısqanıń ini eken.



Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Qumırısqalar jarasınıń ústin basıp, qattı shaǵa baslaǵan eken. Qorqıp ketken jolbarıs jatqan jerinen ushıp turıp, shır-gúbelek aylana baslaptı. Biraq ústindegi qumırısqalar jerge túspepti, shaǵıwın da toqtatpaptı.

Jolbarıstıń jatqan jerinen sál alıslawdaǵı terekte maymıl otırǵan eken. Ol jolbarıstıń háreketlerin baqlap otırǵan eken. Onıń turǵan jerinde aylanıp juwırıp júrgenin kórip kúlipti hám bılay depti:

– Jaqında ǵana “Kúsh-quwatta maǵan teń keletuǵın haywan ele dúnyaǵa kelgen emes”, – dep maqtanǵan kim edi? Kúsh-quwatıń hám zorlıǵıń qayda qaldı?

Jolbarıs maymıldıń sózinen uyalıp ketipti hám maymılǵa jalınıptı.

– Maymıljan, jaramdaǵı qumırısqalardı terip alıp taslasań, ómir boyı sennen minnetdar bolar edim, – depti.

Maymıl onıń jarasındaǵı qumırısqalardı alıp taslawǵa járdem beipti. Jolbarıs sonnan baslap, haywanlarǵa azap bermeytuǵın bolǵan eken.

## TAS JÚREK

Bir awılda bir bay saqıy insan jasaydı eken. Ol qolınan kelse adamlarǵa jaqsılıq etkisi keledi eken. Awıllasları da onı húrmet etedi, sıylaydı eken.

Ol bir kúni qalıń toǵayda adasıp ketipti. Úyin taba almay kóp júripti. Ol aylanıp júrip burın kórmegen bir kólge túsip ketipti. Kóldegi suwda, altınlar jıltırap suw ústinde júzip júr eken. Saqıy



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

insan qolın sozıp, sırtqa shıqpaqshı bolǵan sayın tereńge kete baslaptı. Ol járdem sorap baqırıptı, heshkim esitpepti. Kólde jawız ruwx jasaydı eken.

– Eger seniń júregińdi bizge berseń, seni azat etemiz. Miyrimli júregińniń ornına tas salıp qoyamız. Sonda sen ele de bay bolasań hám batpaqlıqtan da qutılasań, – degen dawıs esitilipti. Bay oylanıptı. Jıltıraǵan altınlar onı júregin almastırıwǵa kelisim beriwge kóndirgendey bolıptı. Saqıy adam úyine qaytıptı. Erteńine onı awıllasları tanımay qalıptı. Ol sirá kúlmepti. Jılaǵandı ayamay jazalaydı eken. Júdá jawız bolıptı, sirá jaqsılıq etpepti.

Hámmege azap beripti. Onnan awıllasları da, hátte balaları da biyzar bolǵan eken.

Bir kúni kiyatırsa bir qız jolınan shıǵıp qalıptı. Onı qolındaǵı dorbası menen alısqa ılaqtırıp jiberipti. Qız kózin ashsa, kólde jatır eken. Kól suwına bet-qolın juwıp tursa, bayaǵı jawız adamnıń kólge kelgenin kóripti.

Jawız adam bunday jasawdan zerikkenligin, óziniń júregin saǵınǵanlıǵın aytıp atır eken. Kóldegi hawaz oǵan:

– Endi júregińdi qaytıp ala almaysań. Seniń tas júregińniń ornına birew óz janın beriwi kerek, – depti. Sonda qız oǵan óz janın beriwge razı ekenin aytıptı.

Qızdı kól jutıp jiberiwinen qorqıp ketken bayaǵı adam:

– Yaq, bárine men ayıplıman, meni óltir, – dep qızdıń aldına juwırıptı. Sonda bayaǵı tas júrek erip, burınǵı miyrimli adamǵa aylanıptı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# URÍ HÁM ONÍŃ ANASÍ

Burıńǵı ótken zamanda bir bala anası menen jasaǵan eken. Olar júdá jarlı jasaǵanı sebepli kóp nársege pulı jetpepti. Bir kúni jorası oǵan oziniń oqıǵanların úyretpekshi bolıp, úyine shaqırıptı. Biraq bala onıń xat jazatuǵın taxtasın urlap, úyine alıp кelipti. Anası onı maqtaptı. Кeyingi sapar ol birewdiń tonın alıp кeledi, anası jáne de кewillireк qabıl etipti. Waqıt ótip, bala erjetip, jigit bolıptı. Endi úlкenireк urlıqlar islepti. Aqırı, adamlar onı urlıq islegen jerinde uslap alıptı. Bul mámlekette urlıq islegen adamǵa kópshiliktiń kóz aldında “Ólim” jazası beriledi eken. Jigittiń qolların qayırıp, ólimge húkim etilipti. Anası olardıń artınan jılaptı. Izinen eripti. Sonda jigit bılay dedi: “Hey adamlar! Anajan, men taxtashanı áкelip, eń dáslepki urlıqtı islegenimde meni jazalawıńız kerek edi. Sonda men pútкilley basqa joldan кetкen bolar edim. Házir men bul jerde turmaǵan bolar edim!”



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*O‘quv nashri*

# ANA TILI
# HÁM
# OQÍW SAWATLÍLÍǴÍ

**2-bólim**

**Ulıwma orta bilim beriw mekteleriniń**
**1-klası ushın sabaqlıq**

*(Qoraqalpoq tilida)*

Xudojnik *Nigora Nusratova*

Redaktor *Sarbinaz Tóremuratova*
debiy redaktor
Texnik redaktor
Korrektor *Gawhar Utewlieva*
Operator hám dizayner *Hilola Sharipova*

Basıwǵa 03.11. 2021-jılda ruqsat etildi. Ólshemi 60x84 $^1/_8$. Arial garniturasi. Kegli 18 shponli. Ofset baspa. Shartli baspa tabaǵı. 12,09. Baspa esap tabaǵı 7,67. Nusqası dana . Buyırtpa №

“Yangiyul Poligraph Service” JSHJ baspaxanasında basıp shıǵarıldı.
112001 Tashkent walayatı, Yangiyul qalası, Samarqand kóshesi, 44-úy.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Ijaraǵa berilgen sabaqlıqtıń jaǵdayın kórsetiwshi keste

| T/n | Oqıwshınıń atı, familiyası | Oqıw jılı | Sabaqlıqtıń alınǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshısınıń qol tańbası | Sabaqlıqtıń qaytıp tapsırılǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshısınıń qol tańbası |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | | | | | | |
| 2. | | | | | | |
| 3. | | | | | | |
| 4. | | | | | | |
| 5. | | | | | | |
| 6. | | | | | | |

## Sabaqlıq ijaraǵa berilgende hám oqıw jılınıń juwmaǵında qaytarıp alınǵanda joqarıdaǵı keste klass basshısı tárepinen tómendegi bahalawǵa muwapıq toltırıladı

| Jańa | Sabaqlıqtıń paydalanıwǵa birinshi berilgendegi jaǵdayı |
|---|---|
| Jaqsı | Muqabası pútin, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen ajıralmaǵan. Barlıq betleri bar, jırtılmaǵan, kóshpegen, betlerinde jazıw hám sızıwlar joq. |
| Qanaatlanarlıq | Muqaba jazılǵan, bir qansha sızılıp, shetleri jelingen, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen ajıralıw jaǵdayı bar, paydalanıwshı tárepinen qanaatlanarlıq ońlanǵan. Kóshken betleri qayta ońlanǵan, ayırım betleri sızılǵan. |
| Qanaatlandırmaydı | Muqaba sızılǵan, ol jırtılǵan, tiykarǵı bólimnen ajıralǵan yamasa pútkilley joq, qanaatlandırarsız ońlanǵan. Betleri jırtılǵan, betleri jetispeydi, sızıp, boyap taslanǵan, sabaqlıqtı tiklewge bolmaydı. |

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE